# Seventh-day Adventist Hymns

300 hymns · numbers 1–300

*nziyo.com*

## Ridza tsuri yevangeri, Murindi wanyewera;

Avo vanonzwa masoko, Vapinduke, vapone.

CHORUS:
Ridzanyi, murindi, ridza, Pasi pese ridzisa;
Mwari arikuti, Ridza Vasungwi vaponeswa.
Ridza pamakomo ese Mapomo nemikana;
Nepanyanza ridzanyizve, Soko rekuponeswa.
Ridzanyizve pamagwanza, Nenzvimbo dzine dima;
Taura zvakagadzirwa, Baba atidayidza.
Ridza kune vakaneta, Vanoda kuponeswa;
Muponesi wadayidza, Mwese munodikanwa.

## Mambo aripo pam’suwo, Iye wafa pamchinjiko;

Asi unowuya zvino Kutora vake’vo.

CHORUS:
Pamsuwo, Pam’suwo, Pam’suwo, Hunde’po pam’suwo;
Anouya, Anouya, hunde ari pam’suwo.
Zviwoneso zvekuuya, Zvino zviri kuitika;
Toona nekukasika Musi wakanaka.
Musanangise pasi’po, Kuti kusine dambudzo;
Dakara Muponesi’wo Auye pasi’po.
Ndizvo mupasi’po itsva, Tichagara nekugara;
Kufa kuchawa kusafa, Haiperi nguva.

## Tichazoonana usu, NaTenzi toonana;

Ndinodisa kumuona Jesu wakandifira.

CHORUS:
Ndichazomuona Tenzi, Iyo mhiri kwedenga;
Tichazoonana naYe, Gare gare kumusha.
Nhasi handisi kum’ona, Basi nge kudawira;
Asi musi unouya, Jesu uchazoonwa.
Tichafara pamwe naye, Urombo hwazopera;
Ne nzira dzaruramiswa, Zvedima zvacheniswa.
Toonana ngerufaro, Kuona nekuziwa;
Iye Mununuri wangu, Jesu unondidisa.

## Soko rakanaka kunesu vafambi, Apo tinoyenda pasi’po;

Asi Muponesi achazouyazve, Kutonga umambo hwake’wo.

CHORUS:
Arikuuya ngekukasika, Jesu zve arikudzoka, Nevafambi vake vachazotorwa, Apo Jesu auya.
Makuva ekare apo vanorara, Vafambi vakafa naKristu;
Vachazarurwazve, vanhu vanomuka, Vachapona pamwe na Jesu.
Tichasangana kumusha’wo kudenga, Tichaimba ngekuponeswa;
Vaponeswi’wo vachabva pasi rese, Vanamate Mambo wedenga.
Haririuya, Amen, nezve Haririuya, Ngekudawira, tichasvika;
Namata, simbira, kufara, dakara, Topfeka mbiri yekudenga.

# A kurekure kumusha?

Ndabvunza murindi, ati,
Usiku hurikupera,
Kwakuda kuyedza.
Usacheme, kurumidza,
Mutewere, kusimbira;
Muchasvika mukupenya
Hakuna kupera.
Ndabvunza kune mukani,
Anerwiyo rwekushinga,
Ngekushinga ndinokana,
Hondo ichapera.
Musacheme, mutiwire,
Dakara basa rapera,
Tinoziva tinechipo,
Kuti takurira
Ndabvunzazve pasi, zuva,
Zvese zvakandipindura;
Nguva irikundopera,
Jesu anouya.
Musacheme, zviwoniso zve
Zviri kutinyewera,
Zvisikwa zvese zvinoda
Tsuri imborira.
Tiripatyo nekumusha,
Kunofadza kutondera
Chifarai imwi vafambi,
Bvisanyi’wo kutya.
Musacheme, tisangane
Apo kusina kuneta,
Zviyedzo’zvo zvakapera,
Tasvika kumusha

## Rindanyi'mwi vanoyera,

Zvioneso zvaonekwa
Mwenje yenyu batidzanyi,
Munochingamidza Tenzi

CHORUS
Wonanyi, anouya;
Jesu Mambo anouya,
Anouya kuzotonga,
Wonanyi, anouya.
Wonanyi chitsidzo chake,
Chekuti musunungurwe
Nguwo chena nezviremba,
Kasikanyi kutaura.
Atigadzirira nzvimbo,
Muumambo hwake iyo;
Tauranyizve zvemutsa,
Tsuri isati yaridzwa
Vanyangadzi uyai zvino,
Kristu anotinunura;
Kasika ichipo nguva,
Kristu anoda kuuya.

## Apo Jesu anouya kugashira vake;

Vanhu vake vakanaka, Vanodikanwa.
CHORUS
Senyenyedzi kudenga, Vese vachapenya;
Vachagara naJesu, Wake, kumusha
Vachaunganidza vana veumambo hwake:
Vatereri vakanaka, Vanodikanwa
Vana vese vanodisa Muponesi wavo
Varivake vanokosha, Vanodikanwa

## Kuti Tenzi anoridza tsuri yekuguma ’Iyo,

Apo nguva yepasi yapera’wo;
Kuti vakanaka vese vanounganidzwa’po
Mazita anodaidzwa, ndiripo.

CHORUS
Mazita anodaidzwa (3 times)
Anodaidzwa kudenga, ndiripo

Pamusi’wo vanomuka vakafa kuna Kristu,
Vanoona mbiri huru yake’yo
Apo vasarudzwi vanosangana kumusha’ko,
Mazita anodaidzwa ndiripo
Ngatibate basa rake kuti rinozopera;
Ngatishumaire rudo rwaMwari
Ndizvo Jesu anouya kutora vanhu vake,
Mazita anodaidzwa ndiripo

# Ridzanyi Tsuri neizwi guru;

Jesu unouya zve!
Farai vafambi, tendai, imbanyi;
Jesu unouya zve!

CHORUS
Unouya, unouya, Jesu unouya zve!
Ungiranyizve makomo imwi;
Jesu unouya zve!
Nyenye yakafa ive nembiri;
Jesu unouya zve!
Nyanza taura nemananda'yo;
Jesu unouya zve!
Apo pajecha kunyika dzese;
Jesu unouya zve!
Pasi rinoti nekuteneka;
Jesu unouya zve!
Champupuri'cho nekuvhuvhuta;
Jesu unouya zve!
Ndudzi dzepasi dzinoshatirwa;
Jesu unouya zve!
Ngwaru hwawanda, vanhu vafamba;
Jesu unouya zve!

## Tichasangana kurwizi,

Apo kune kupenya;
Mvura yakanakisisa
Yabva kuna Jehova.

CHORUS
Hunde tosangana iyo,
Parwizi rwakanaka kudenga
Tosangana nevanoyera
Pachigaro chaMwari

Iyo pagombe perwizi,
Rwakabvira kuchena
Tichafamba nekutenda,
Nguva dzese tofara
Kurwizi’rwo runopenya,
Mitoro ticharasa;
Tosunungurwa ngemutsa,
Togashira chiremba
Tosvika nekukasika,
Nerwendo ruchapera;
Mwoyo yedu ichafara,
Ngerwiyo rwekutenda

## Ndokutewera M’ponesi, Kwese’ko ndinogara

Apo imwi munoenda, Hunde ndokutewera
CHORUS
Ndokutewera M’ponesi, Imwi makandifira
Kana vese vakusiya, Ini ndokutewera
Kana nzira inoshata, Kana kusina nzira
Mwaenda pamberi pangu, Ini ndokutewera
Kuti ndaona dambudzo, Zvimwe ini ndaedzwa
Imwizve mwakamboedzwa, Ini ndokutewera
Kana ndawane urombo, Kushaya, kusafara
Ndatondera mwakashaya, Tenzi, ndokutewera
Kuti ndinoona rufu, Musatizve mwauya
Mwakafa, makamboigwa, Ndichiri kutewera

## Iripo tsime izere Neropa raJesu;

Vanyangadzi vasamba’mo, Vanochena naro
Mbavha yokufa yafara Kuona tsime’yo
Kana ini munyangadzi, Ndinochena nayo
Nyenye yaMwari, ropaIro, Harishaye simba
Dakara vanhu vaJesu, Vese vaponeswa
Tenzi ndinodawirazve, Kana ndakatadza
Vandigadzirira chipo, Chawanwa ngeropa
Nekudenga ndichaimba, Ngesimba nerudo
Kuti ngeropa raJesu, Ndaponeswa naro

# O Jesu ndinoda kurapwa kwazvo

Ndinoda imwi mugare mumoyo
Bvisa zvakaipa, dzinga mhandu’yo
Mundisambe ndichachena kwazvo
CHORUS
Ndichachena, ndichene kwazvo
Mundisambidze, ndichachena kwazvo
O Jesu, kudenga nangisa pasi
Mundibatsire ndinopira zvese
Ndinozvipa ini zvese ndinazvo
Mundisambidze, ndichachena kwazvo
Jesu, ndikukumbire nekupfava
Pamakumbo ako, Tenzi ndamira
Ndachena ngeropa nge kudawira
Mundisambidze ndichachena kwazvo
Jesu, ndarindira nekutiwira
Uyo mundipinze nemoyo mutsva
Haurambe vese vakutsvaka’vo
Mundisambidze, ndichachena kwazvo

# Inzwai mapeni’wo, Arikuiswa

Ese ndeaJesu, Unogashira

CHORUS
Gwendere, Gwendere, Gwendere, Gwendere Ari kuiswa;
Ese ndeaJesu, Unogashira
Arikuiswa’mo, Kubva m’tuwoko;
Tinounza chipo Kuna Jesu’wo
Tirivo vaduku, Tine mapeni;
Zvetava vakuru, Tokupa zhinji
Kana tisina’ba, Tomupa rudo;
Zveunozoruda, Afare narwo

## Jesu wandidisa'ni,

Randiudza Bhaibheri;
Vana vanomudisa,
Muponesi wavada

CHORUS
Jesu wandida, Jesu wandida
Jesu wandida, Bhuku randiudza
Jesu wakandifira,
Wakasiya'ro denga
Wakauya pasizve,
Kuponesa'vo vese
Jesu wandidisa'ni,
Ndine urombo ini;
Wakazarurira'wo,
Nzira yekudenga'ro
Jesu wandidisa'ni,
Uripetyo'zve neni;
Kuti ndikamuda'ye,
Unozonditorazve

## Nhasi maoko angu,

Ndasamba’wo kwazvo
Ndaapa kuna Jesu,
Kuita basa’ro

CHORUS
Chengetai tukumbo, Apo twafamba;
Zviro’zvo zvaJesu, Basi ndinoda
Nzeve dzangu ndaudza,
Kuterera kunzwa
Zvebasa’ro remutsa,
Zvondingabatsira
Maziso anangisa,
Zvemaoko angu
Arege kunyangadza,
Pam’sana paJesu

## Rudo runotifadza, Runonatsa nzira

Runoita titeerere, Nekuva nemutsa

CHORUS
Mwari rudo, Tirivana vake, Mwari rudo
Tifanane na’Ye. Rudo runotifadza, Runonatsa
nzira, Runoita titeerere, Nekuva nemutsa
Pasi rine urombo, Kurwara nekufa;
Ngerudo tinobatsira, Vamwe kudawira
Apo basa rapera, Tatorwa kum’soro,
Ngoma yedu tichaimba, NdiJesu nge-rudo

## Ngatifambe tese mubasa iri,

Muchinjiko wake uri pamberi;
Kristu Tenzi wedu uri pamberi,
Pamberi mubasa ngatifambenyi.
CHORUS
Fambanyi maKristu mubasa iri
M’chinjiko waJesu uri pamberi

Chita cha Satani chichakurirwa
Fambanyi pamberi, tine mabasa
Ngerwiyo’rwo rwedu Jesu akudzwa
Ngatiite basa, tinoripedza
Sangano raMwari sehondo huru
Rinoenda mberi pamwe naJesu
Hatipatsaniswe, tese ngerudo
Rusimbiro rumwe nerudzidziso
Umambo hwepasi huchazoputswa
Asi sangano’ro riri kukura
Zano raSatani richakurirwa
Chitsidzo chaKristu chinozogara
Ndizvo imwi vanhu, pamberi kwazvo
Ngatiimbe tese rwerukuriro
Mbiri nerukudzo rwaKristu Mambo
Vanhu nengirozi dzichaimba’yo

## Mwoyo wangu rinda, Mhandu dziri zhinji

Dzinoda kubvisa imwi, Munzira yaMwari
Rinda, munamate, Musatize hondo,
Itanyi mazuva ese, Jesu ari petyo
Reganyi kufunga, Kuti makurira,
Dakara Jesu auye, Kuzotitambira

# Muka moyo wangu muka,

Fambanyi pamberi
Mwari anokudaidzai,
Kugara narini
Izwi resimba raMwari,
Rinokudaidzai,
Anovapa zvipo zvavo,
Kune vanodisa
Mbovo zhinji dziri petyo,
Dzirikunangisa,
Siya nzira’yo yekare,
Muende kudenga
Muponesi matiisa,
Munzira kumusha,
Kuti apo takwirira,
Tinozokutenda

# Ndouya kumchinjiko,

Upofu neurombo
Handidi chimwe chiro,
Asi ruponeso’rwo
CHORUS
Ndosimbira kunemwi, Nyenye yepaCalvary,
Ndinopfugama pasi, Mundiponese ini
Jesu ndokuchemera,
Moyo wangu waipa,
Jesu’ye wataura,
Ndinozo-kuchenura
Ndapa zvese kunemwi,
Zviro zvese zvepasi
Moyozve nemuviri,
Uve wenyu narini
Ndosimbira kunemwi,
Mune zvitsidzo zvenyu
Zvino ndarapwa ini,
Neropa’ro raKristu
Jesu arikuuya,
Moyo wangu wazara,
Zvino ndakachenurwa,
Mbiri kuna Jehova

# Ndanzwa ngezvikomborero,

Murikuvapa Tenzi,
Vamwe varikugashira,
Madonhwe mundipenyi

CHORUS
Kuneni, Kuneni,
Madonhwe mundipenyi
Musandipfuura Baba,
Kana ndashata ini,
Tenzi, musazondisiya,
Mutsa wenyu ndipenyi
Ndanga ndiri muchitema,
Ndine urombo ini
Moyo wabatwangepasi,
Mundisunungurenyi
Mudzimu musapfuure,
Mapofu murapenyi,
Ita umboyo waJesu,
Runyararo ndipenyi

## Uyayi Mudzimu Mutsvene,

Zadzanyi moyo wangu,
Uyanyi'wo zvino pano,
Zadzanyi moyo wangu

CHORUS
Uyanyi, zadzanyi, Jesu nemutsa wenyu,
Uyanyi'wo zvino pano, Zadzanyi moyo wangu
Munokwanisa kuzadza,
Moyo wese'wo wangu
Asi ndinokuda Imwi,
Kuzadza moyo wangu
Ndaneta handine simba,
Ndinopfugama kwenyu
Mudzimu usingaperi,
Zadzanyi moyo wangu
Uyanyi mundichenure,
Nyaradza moyo wangu
Zvino murikuita'wo,
Kuzadza moyo wangu

# Ndichiri kushaya, Tenzi wangu,

Hakuna izwizve kunga renyu

CHORUS
Ndoshaya nekushaya, Tenzi ndokushaya,
Zvino mundikomborere, Ndinouya
Ndichiri kushaya, Garai petyo,
Handiputswi apo muripano
Ndichiri kushaya, Mudambudzo,
Kana ndikushaya, Murufaro
Ndichiri kushaya, Ndikudisa,
Nezvitsidzo zvenyu munondipa
Ndichiri kushaya, Munoera,
Ndinova wenyu’di, Mwakanaka

## Zvese, Jesu, ndazvipira,

KwaMuponesi wangu,
Ndosimbira nekumuda,
O, chengeta upenyu
CHORUS
Zvese ndikupa, Zvese ndikupa,
Zvese kuna Muponesi, Zvese ndikupa
Zvese, Jesu, ndazvipira,
Tenzi pamberi penyu,
Ndarega pfuma dzepasi,
Mundigashire Jesu
Zvese, Jesu, ndazvipira,
Ndinofanana nemwi,
Ndizadzenyi Mweya wenyu,
Muri wangu M’ponesi
Zvese, Jesu, ndazvipira,
Ndanzwa moto mutsvene,
O, rufaro rweupenyu.
Mbiri, Mbiri kunemwi

# Sezvo ndiri, asi Jesu,

Pam'chinjiko wandifira,
Nekuti wandidaidza,
Nyenye yaMwari, ndauya
Sezvo ndiri, handiyedzi,
Moyo wangu kuchenesa,
Asi munondiyeresa,
Nyenye yaMwari, ndauya
Sezvo ndiri, ndatambudzwa,
Nekutya nekupokana,
Zvepasi zvinondiyedza,
Nyenye yaMwari, ndauya
Sezvo ndiri, ndinoshaya,
Ndine hurombo, hwebofu,
Asi zvese munondipa,
Nyenye yaMwari, ndauya
Sezvo ndiri, ndinouya,
Kuti mundisunungure
Ngekuti ndinodawira,
Nyenye yaMwari, ndauya
Sezvo ndiri, rudo rwako,
Rwandikurira mumoyo,
Ndiri wako wega zvino,
Nyenye yaMwari ndauya

## Tinokukudza, Imwi Mwari wedu,

NdiJesu wakauya kufira isu
CHORUS
Hareruya, Kudza Mwari, Hareruya, Amen,
Hareruya, Kudza Mwari, Mutimutsezve
Tinokukudza, Imwi Mwari wedu,
Wakatipa rujeko, ndi'ye Mudzimu
Mbiri, kukudza, kweNyenye yaMwari,
Wakatiponesa mune zvitadzozve
Mbiri, rukudzo, kunemwi wemutsa,
Wakatitsvaka nokutitungamira
Mutimutsezve, ngerudo izare,
Moyo yese ipfutwe ngemoto m'tsvene

## Iwanyi nenguva Yekuponeswa,

Taura naTenzi, Munozogutswa,
Ngeizwi’ro rake Uzadze moyo,
Tsvaka kuna Iye Chikomborero
Iwanyi nenguva Yekuponeswa,
Iwanyi nenguva naJesu ega,
Nekumunangisa, Mufane na’Ye,
Vese vachaona Jesu kunewe
Iwanyi nenguva Yekuponeswa,
Musaenda mberi, asi teverai,
Jesu Muponesi, Anotungamira,
Ndizvo muBhaibheri, Munosimbira
Iwanyi nenguva Yekuponeswa,
Zvese’zvo zvifungo Zvamunoita,
Zvinotungamirwa NdiJesu Kristu,
Zve munogadzirwa Humambo hwedu

# Garai neni usiku hwasvika,

Tenzi garai neni kune dima,
Vanditiza vamwe vabatsiri,
Mubatsiri wedu, garai neni
Upenyu hwachimbidza kuguma,
Kufara kwepasi kunopera,
Zvasakara kwazvo zviro zvese,
Usingasakari, garai neni
Ndinomuda Imwi nguva dzese,
Mutsa unokurira muyedzi
Mudonzvo wangu, Mutungamiri,
Mudima, pachena garai neni
Imwi muripo, handityi mhandu,
Handine kuremerwa mushungu
Kufa, guva, kukunda kuripi?
Ndinokurira ugere neni
Misa muchinjiko ndotandadza,
Penya, undinongedze kudenga,
Kwayedza kwazvo, yabva mimvuri,
Mupenyu, mukufa, garai neni

# Zuva riri kudoka,

Pasi rinozorora,
Namata nekutenda,
Usiku hunouya
CHORUS
Yera, Yera, Yera, Tenzi Mwari,
Denga rese nepasi,Zvese zvazara ndimwi,
Tenzi Mwari
Tenzi weupenyu’wo,
We zvese pasi pano,
Mutiunganidze’su,
Mumaoko’wo enyu, Muri pedyo
Apo dima rasviba,
Werudo tichengete,
Moyo yedu ikwire,
Pamberi penyenyedzi, Apo muri
Kuti apo nguva’yo,
Inopera pasi’ko,
Tenzi matibvumira,
Tichapinda kumusha, Wekudenga

## Zuva rangu, Muponesi,

Kunopenya apo muri
Murambidze zvakaipa,
Zvinozondidzikatira
Apo hope dzandibata,
Maziso angu apfigwa
Ndotondera kuchanaka,
Kuna Jesu kuzorora
Garai neni zuva rese,
Ndichengete nguva dzese,
Garai neni pausiku,
Kanazve murufu rwangu
Ndikomborere ndomuka,
Ndisati ndaenda m’basa,
Ndichanaka nepanzira,
Dakara ndisvike denga

# Tenzi ari Dombo redu,

Nechidziwiriro chedu,
Tisatye muzviro zvese,
Nechidziwiriro chedu
CHORUS
Nge-Dombo rinemasimba,
Ngebvute, apo taneta;
Ngewedu kutungamira,
Nechidziwiriro chedu
Bvute redu masikati,
Nechidziwiriro chedu,
Nekupenya pausiku,
Nechidziwiriro chedu
Champupuri chatinera,
Nechidziwiriro chedu,
Kuna Mwari taponeswa,
Nechidziwiriro chedu
O Mwari, Bako redu'wo,
Nechidziwiriro chedu,
Mubatsiri muripetyo,
Nechidziwiriro chedu

# Wanditungamira Jesu,

Ngemazwi ake emutsa
Zvese’zvo ndinozoita,
Iye anotungamira
CHORUS
Iye anditungamira, Ngeruoko wandibata,
Ini ndinomutevera, Kuti anotungamira
Kana ndabatwa nenhamo,
Zvimwe ndichafara kwazvo,
Nerunyararo, dambudzo,
Anova nerubatsiro
Tenzi, ndibate ngesimba,
Ndizvo handigurugute,
Kwese ndiri ndichafara,
Mwari anotungamira
Kuti basa razopera,
Zvese newe ndakurira,
Kana rufu handizotyi,
Kuti Mwari achineni

# Apo runyararo runondifadza,

Kana urombo ndinahwo,
Kana muzvese, makandidzidzisa,
Kunaka nemoyo wangu’wo
CHORUS
Kwanaka . . . nemoyo, . . .
Kwanaka nemoyo wangu’wo
Kana Satani anonditambudza,
Ndichasimbira kunemwi,
Jesu anoziva kwangu kushaya,
Wakandifira’po pamuti
Ndinofara ngekutondera kuti,
Zvitema zvangu zvese’zvo,
Zvapera pamuchinjiko, zvapera,
Ndatenda nemoyo, Jesu’yo
Kurumidzanyi musi wenyu Tenzi,
Makore achazopetwa,
Tsuri inorira, Tenzi odzika,
Zvadaro, nemoyo, kwanaka

# Tine ukama, tine kufara,

Kutsamira m’maoko ake,
Chikomborero, runyararo’wo,
Kutsamira m’maoko ake

CHORUS
Kutsamira, Mumaoko’iwo aJesu,
Kutsamira, Mumaoko ake aJesu
Kunotapira kufamba m’nzira,
Kutsamira m’maoko ake,
Nzira yapenya, zuva nezuva,
Kutsamira m’maoko ake
Chinyi ndinotya, nekutizira?
Kutsamira m’maoko ake,
Ngerunyararo, Tenzi wapedyo,
Kutsamira m’maoko ake

## Ndinokunangisa, nekuzodaira, Muponesi,

Chinzwai, ndonamata, mubvise zvitema,
O, mundiregere ndive wenyu
Ngemutsa mundipe moyo ungasimbe, Ndishingise
Makandifira’wo, zve ndive nerudo,
Runoyera sezvo moto m'tsvene
Kana kune dima, kana ndatambudzwa, Mundibate,
Dima mungadzinge, pukuta masodzi,
Musandibvumire ndirasike

## Pedyo nemwi, Mwari, pedyo nemwi,

Kana ne dambudzo, riri neni,
Ndichiri kuimba, pedyo nemwi Mwari,
Pedyo nemwi Mwari, pedyo nemwi
Ndafanane M’fambi, wadokerwa,
Dima randibata ndi'munzira,
Mukurota ini,ndiri pedyo nemwi,
Pedyo nemwi Mwari, pedyo nemwi
Nzira yaonekwa yekudenga,
Munditungamire, kuchengeta,
Dzasheedza ngirozi, pedyo nemwi Mwari,
Pedyo nemwi Mwari, pedyo nemwi
Ndizvo pakumuka, ndikutenda,
Kubva mudambudzo ndakukudza,
Muurombo ini ndiri pedyo Mwari,
Pedyo nemwi Mwari, pedyo nemwi
Zvepamwe naJesu, Ndingakwira,
Pamberi pezuva, kune denga
Pakuimba ndiri pedyo nemwi Mwari,
Pedyo nemwi Mwari, pedyo nemwi

## Miriranyi’wo kuna Jehova,

Mukutambudzwa zvemuurombo,
IDombo rega rinopa simba,
Muyedzi ari pedyo
CHORUS
Miranyi paDombo, simbiranyi apo,
Dombo ndiKristu ega,
Kuti takurira tichazomira,
Nechita chichaponeswa
Miriranyi mese kururama,
Moyo ushinge nerudawiro
IDombo rega rinokurira,
Zvitema zvepasi’po
Miranyi mese muidi’ro,
Kana ranonoka richakura,
IDombo rega rinotipa’wo
Kuzorora kudenga

## Rukariro urwo rwangu,

Rusimbire kuna Kristu,
Handidawiri nemunhu,
Asi muzita raJesu
CHORUS
Ndinomira kuna Jesu,
Ndiye Dombo, nheyo yangu,
Zvimwe ndichanyura zvangu
Kuti avigwa ngedima,
Tsitsi dzake ndogarira
Mumhepo huru yesimba,
Ruoko rwake ndobata
Chirangano chake icho,
Nechitsidzo cheropa’ro,
Zvinondipa rusimbiro,
Pakati pematambudzo
Apo anenge ouya,
Netsuri ichazoridzwa,
Ndinoda kuti ndimire,
NaJesu parudyi rwake

# Apo tinofamba muinzwi raBaba

Imbiranyi toona m’nzira
Kuti tinomuda, nesu anogara
Nevese vanomuteerera
CHORUS
Kuteerera, Ndiyo basi nzira,
Kufara kuna Jesu, Basi kuteerera
Hakuna urombo hunotitambudza,
Asi Jesu anohudzinga,
Kana kupokana, masodzi nekutya
Hazvigari nekusimbira
Hakuna mutoro, hakuna urombo,
Asi anotidzokesera,
Hakuna kushaya, kana kutambudzwa,
Tinowana nekusimbira
Asi hatione kufara kwerudo,
Dakara zvese tinomupa,
Ngekuti anopa kufara nerudo,
Kuna ivo vanosimbira
Ndizvo pamwe tese tinogara naYe,
Kana kufamba naYe m’nzira,
Isu tichaita mazwi ake ese,
Kuteerera nekusimbira

# Mwari ngaave nemwi mwese,

Dakara tikumbanezve,
Amutungamirirenyi,
Mwari ngaawe nemwi mwese

CHORUS
Kuti tikumbane, Kuti tikumbanezve,
Kuti tikumbane,
Mwari ngaawe nemwi mwese
Mwari ngaawe nemwi mwese,
Ndiye anomuchengeta,
Munopiwa mese kudya,
Mwari ngaawe nemwi mwese
Mwari ngaawe nemwi mwese,
Apo mune matambudzo,
Munobatsirwa mwese’wo,
Mwari ngaawe nemwi mwese
Mwari ngaawe nemwi mwese,
Amuonese’wo rudo,
Kudzinga hosha nerufu,
Mwari ngaawe nemwi mwese

## Pasi pano nevashamwari,

Tinozoonana,
Asi zvimwe tine urombo,
Apo tapatsana

CHORUS
Hatichati, ”Kwasaranyi”, Kumusha waMwari
Kunyika’yo yerufaro, Hakuna kwasaranyi
Tinofara nekusimbira,
Apo tapatsana,
Kuti apo Jesu auya,
Zvetichaonana
Kupatsana hakutaurwi,
Kumusha wedu’yo,
Asi tichaimba nziyozve,
Rufaro nerudo

# Anorara kuna Jesu,

Hama inodiwa yedu,
Ruzororo rwakanaka,
Hakwanise kutambudzwa
Anorara kuna Jesu,
Wagadziririrwa upenyu
Warara nerusimbiro,
Hwekumutswa naJesu'wo
Anorara kuna Jesu,
Pamwe nevamwe'vo vedu,
Apo Jesu anomutsa,
Havazochemi nekutya
Anorara kuna Jesu,
Asi tsuri'yo yaKristu,
Icharira kuvamutsa,
Kuti vaende kudenga

## Apo basa rapera, ndinoenda kumusha,

Uko kufa kunopfeka kusafa,
Ndicham'ziva M'ponesi apo achazouya,
Iye anondigashira mumusha

CHORUS
Ndicham'ziva ndicham'ziva,
Apo tichazomira naye,
Ndicham'ziva ndicham'ziva,
Ne marwadzo m'maoko ake
Ndichazofara kwazvo kuona usu hwake,
Nekupenya kwemaziso ake'wo,
Moyo wangu kum'kudza nge rudo'rwo nemutsa
Anondigadzira musha kumusoro
Ndinotondera avo vadikanwi vakafa,
Kuti ngerufu tapatsana navo,
Apo Jesu auya navo tichasangana,
Asi ndichatanga kuona Jesu
Achanditungamira kupinda mazambara,
Apo tisingazovi neurombo,
Ndichaimba nevese rwiyo'rwo rwekufara
Asi ndichatanga kuona Jesu

# Ndipe Bhaibheri, nyenyedzi yapihwa,

Vafambi vese kutungamira,
Zvampupuri’zvo zvisingazodzimi,
Kujeka’ko kunotipenyera

CHORUS
Ndipe Bhaibheri, masoko matsvene,
Ndinoteera kujeka kwaro,
Zvikohomedzo, zvitsidzo mutemo,
Nerudo, zvese zvakumbana’mo
Ndipe Bhaibheri, apo ndatambudzwa,
Ngezvitema neurombo hwazvo,
Ndipe mazwi’yo Jesu ataura,
Kunditondedza aripo pedyo
Ndipe Bhaibheri, ndinofamba naro,
Rinditsiure nge zvakaipa,
Mwenje weruponeso mune dima,
Kundipangidza nzira yekudenga
Ndipe Bhaibheri, mwenje weupenyu,
Usingagumi, newakanaka,
Rindiratidze rujeko rwaJesu,
Rindionese mbiri kudenga

# Imba, imbazve kuneni, Mazwi e upenyu,

Ngandione kunaka'wo, Mazwi e upenyu
Mazwi akanaka,anondidzidzisa

CHORUS
Mazwi aya akanaka, Mazwi e upenyu,
Mazwi aya akanaka, Mazwi e upenyu
Kristu anoapa vese, Mazwi e upenyu,
Inzwanyi imwi vatadzi, Mazwi e upenyu
Anotipa tese, tinozova vake
Raurazve vhangeri'ro, Mazwi e upenyu,
Vese vachasunungurwa, Jesu Muponesi,
Unotichenura, tipinde kumusha

# Ndinomira paJordani,

Nekunangisisa,
Kunyika'yo yeKenani,
Uko kune musha

CHORUS
Tichazorora kunyika iyo,
Nguva shoma tichazorora
Toimba rwiyo rwaMosisi naJesu,
NaJesu tichazogara
Kumakomo akanaka,
Kuriko kupenya,
Uko Kristu anotonga,
Hakuchina dima
Ndichasvika'ko rini'ko?
Nekukomborerwa,
Nekuona Baba vangu,
NaIye kugara?
Moyo wangu wafarira,
Unoda kuenda,
Handityi chiro chouya,
Ndashinga kufamba

## Tichafara basa rapera,

Tounganidzwa kumusha,
Apo taunza misumbu,
KuJerusarema idzva

CHORUS
Rufaro, Rufaro idi,
Rufaro rusingaperi,
Rufaro runouya musi,
Toungana kumusha
Toimba nziyo dzakanaka,
Nemoyo yedu yotenda,
Kristu Mambo, tomukudza
KuJerusarema idzva
Rufaro runotirindira,
Nedzimba zhinji dzavakwa,
Jesu Iye wagadzira,
KuJerusarema idzva

## Kufunga kamwezve,

Kuchiri kuuya,
Ndiri pedyo kudenga'ro,
Kupinda kare'ko

CHORUS
Ndiri pedyo, Ndiri pedyo,
Ndiri pedyo kudenga'ro,
Kupinda kare'ko
Kumba kwaBaba,
Kune imba zhinji,
Nekune icho chigaro
ChaJesu M'ponesi
Pedyo kuenda'po, Pedyo kuzorora,
Pedyo kusiya dambudzo,
Pedyo pekufara

# Nyika yakanaka kudenga

Toiona ngekudawira
Baba vedu vatimirira
Vanotigadzirira musha

CHORUS
Ikwo’yo… Pamberi… Tichazosangana ikwo’yo
Ikwo’yo… Pamberi… Tichazosangana ikwo’yo
Tichaimba kunyika iyo,
Nziyo dzevakakomborerwa
Moyo haizochemi’yo zve
Kunyika’yo yekuzorora
Tichamupa kutenda kwazvo
Kuna Baba vedu kudenga
Ngechipo chikuru che rudo
Misi yese takomborerwa

# Tibhabhatidze nesimba guru

Muponesi uyai nerudo rwenyu

CHORUS
Tirikukuteta, Mambo Jesuzve
Kubva muchitema mutisambidze
Tirikuchema, hatifanire
Kubva muchitema mutisambidze
Njiva yaMwari, dzikai kunesu
Mutikomborerere ngemutsa wenyu
Inzwanyi izwi rabva kudenga
Uri mudikanwi, unondifadza

# Uyai Mweya wakachena,

Mundikomborerenyi
Kuti mwoyo wangu ucha
Kukudza nguva dzose
Ndidzidzisenyi kukuda
Kuziva zvakanaka
Zvechikariro chembiri
Chinondipa kufara
Ndauya kunemwi
Tenzi Munozondibatsira
Ndinosimbira kunemwi
Mundiswitse kumusha
Jesu wakandi tsvakisa
Ndanga ndiri mufambi
Mudambudzo wandibvisa
Nge ropa rake iri
Ndagashira mutsa wenyu
Ndinomuitirenyi?
Ndipenyi kunaka kwenyu
Ndosungirwa kunemwi
Nguva dzese ndarasika
Kubva munzira yenyu
Ndiri pano hangu
Baba Batisa mwoyo wangu

# Mudzimu unoyera,

Unotitungamire
Uripetyo maKristu,
Vateweri vaJesu
Vaneti vanofara,
M'dzimu unodayidza
Wati, Vafambi uya,
Nditewere kumusha
Unesu dzese nguva,
Unoda kubatsira
Musatisiye tega,
Tirikufamba m'dima
Dambudzo rinouya,
Mwoyo inozoneta
Wati, Vafambi uya,
Nditewere kumusha
Apo edu mazuva,
E mabasa apera
Basi kunozosara,
Kuyenda'ko kudenga
Kufunga ngemazita,
Kuti isu tanyorwa?
Vati,Vafambi uya,
Nditewere kumusha

# Ndinoda chimwe'cho chiro

Kuti Tenzi, anondipa
Kana ngemvura, ngemwoto
Ndinochema, ndinochema
CHORUS
Mundisambe … mwoyo wese…
Kana m'mwoto… mundipise…
Hazvinenyi zvozvitema…
Zvinopera…zvinopera
Kuti mundipe kuona
Ngepachena, ndichafara
Asi kucheneswa m'woyo
Kwondifadza, kwondifadza
Asi kuti ndacheneswa
Ndizvo ndingazonzwisisa
Ndizvozvo zviro'zvo zvenyu
Tinoona, tinoona
Ndinosiya zvakaipa
Nezvifungo zvakashata
Asi kana ndichiyedza
Ndakaipa, ndakaipa

# Wanga waenda kuna Jesu here?

Wasambwa muropa renyenye?
Unosimbira m'utsa wake here?
Wasambwa muropa renyenye
CHORUS
Wasambwa... muropa...
Muropa'ro here renyenye?
Mwoyo wako wakachena'wo here?
Wasambwa muropa renyenye
Unofamba neYe mazuva ese?
Wasambwa muropa renyenye?
Unozorora kuna Kristu here?
Wasambwa muropa renyenye
M'kwambo asvika, unochena here?
Wasambwa muropa renyenye?
Wagadzirirwa dzimba dzekudenga?
Wasambwa muropa renyenye
Rasa nguvo iyo inechitema
Usambwe muropa renyenye?
Kune tsime iyo inowerera
Sambanyi muropa reNyenye

# Ndafamba kure kumusha

Tenzi ndodzoka
Ndakaita zvakaipa
Tenzi ndodzoka

CHORUS
Ndodzoka kumusha,
Zvekusafamba
Tambanudza mawoko,
Tenzi ndodzoka
Ndarasa makore mamwe
Tenzi ndodzoka
Ndopinduka nemasodzi
Tenzi ndodzoka
Tenzi ndaneta kutadza
Tenzi ndodzoka
Rudo rwenyu ndosimbira
Tenzi ndodzoka
Rusimbiro rwangu rwega
Tenzi ndodzoka
Kuti Jesu wandifira
Tenzi ndidzoka
Ndashaya ropa reNyenye
Tenzi ndodzoka
Mundisambidze ndichene
Tenzi ndodzoka

# Vese'wo vanonzwa, rauranyi

Soko rakanaka murese pasi
Kuti vanhu vese ngaarinzwe'ri
Uyo unoda, uya

CHORUS
Uyo unoda, uyo unoda
Tuma soko pagomo nemikana
Baba wodikanwa akudaidza
Uyo unoda, Uya
Uyo unouya, nhasi uya
Pinda pamusiwo wazarurirwa
Jesu ndiyenzira yeidi ega
Uyo unoda, Uya
Uyo unoda, dawira idi
Uyo unoda tiwira ngeizwi
Uyo unoda, upenyu narini
Uyo unoda, Uya

# Kudzanyi zita raJesu, Dzese ngerosi'dzo

Unzanyi chiremba chake, tenzi wevamambo
Unzanyi chiremba chake, Tenzi wevamambo
Rudzi ruduku rwaMwari, Mune rusimbiro
Mutendenyi Muponesi, Tenzi wevamambo
Mutendenyi Muponesi, Tenzi wevamambo
Ndudzi dzese'dzo nevanhu vari pasi pano
Kudzanyi'vo Tenzi Jesu, Tenzi wevamambo
Kudzanyi'vo Tenzi Jesu, Tenzi wevamambo
Ndinodisa kumukudza nengerosi idzo
Murwiyo'wo rwekukudza, Tenzi wevwmambo
Murwiyo'wo rwekukudza, Tenzi wevamambo

# Jesu wangu mudiwa,

Ndinouya kunemwi
Mananda andibata,
Chiripo champupuri
Ndiwige Mponesi,
Dakara kwanyarara
Munonditungamira,
Kumusha wekudenga
Ndimwi Chidziwiriro,
Hakuchinazve chimwe
Musandisiya ndega,
Tenzi mundibatsire
Ndosimbira kunemwi,
Rubatsirozve rwangu
Mundifukidze ini,
Ngemapapiro enyu
Ndimwi Kristu ndinoda,
Zvese'zvo munondipa
Simudza vaputsika,
Rapanyi vanorwara
Zita renyu royera,
Ini ndega ndashata
Ndazara ngezvitema,
Mwazara'di nemutsa
Kune mutsa kunemwi,
Wekuchenesa ini
Rega uzondirapa,
Mwoyo wangu mukati
Zvetsime reupenyu,
Pinda mumwoyo wangu
Rirambe 'chiwerera,
Kuzondipa upenyu

# Jesu rufaro rwe-mwoyo,

Tsime reupenyu hwedu
Tinosiya zvepasi’po
Todzokera kuna Jesu
Chingwa cheupenyu hwedu
Tinoda kugutswa ndimwi
Tinomwa mutsime renyu
Nyota yemwoyo ipere
Tinoda mugare nesu,
Kwese uko tinoenda
Tofara nemutsa wenyu
Ngerudawiro tosimba
O, Jesu mutibatsire
Mutiitenyi tipenye
Dzinga dima rechitema
Penyeranyi pasi pese

# Hunde ndinooda kunzwazve

NdiJesu nerudo rwake
Neruponeso rwemutsa
RwaIye wakandifira
CHORUS
E, Zvimwe zvaJesu, E, zvimwe zvaJesu
Zvimwe’zvo zvekuponeswa,
NaIye wakandifira
Zvimwe ndinooda kufunda
Zverudo rwake rwomweya
Mudzimu unoera’o
Mundidzidzise zvese’zvo
Zvimwe zva Jesu mundipe
Inzwi rake muBhaibheri
Anotaura kuneni
Ndinomuteererazve
Zvimwe zva Jesu ndiMambo
Achatonga pachigaro
Zvimwezve umambo hwenyu
Hunde, uyai Tenzi Jesu

# Jesu, ndinokuda muri wangu'wo

Ndinosiya zvese zvakaipa'zvo
Mununuri wangu Muponesi'wo
Kuti ndakakuda, asi nazvino
Ndinomuda ngekuti mwakandida
Pamuchinjiko mwakandiponesa
Pamsana pangu mwakatambudzwa'po
Kuti ndakakuda, asi nazvino
Kana muupenyu, kana mukufa
Ndichakuda Imwi, mwandiponesa
Ndichiti, apo ndabatwa nerufo
Kuti ndakakuda, asi nazvino
Kumusha kwembiri, kunofarisa
Ndichakudza Imwi ikwo kudenga
Kudenga ndichaimba urwo rwiyo
Kuti ndakakuda, asi nazvino

## Ndoyera senyi mwoyo? Maropa aJesu ega,

Ndinochena ngenyi’wo? Maropa aJesu ega.
CHORUS
O, akanakisa, Anondichenesa
Basi ndinoziva, Maropa aJesu ega
Ndinosunungurwa ndi, Maropa aJesu ega.
Ndinoawona basi, Maropa aJesu ega
Hakuna chimwe chiro, Maropa aJesu ega.
Kurekera zvitadzo, Maropa aJesu ega.
Ndorusimbiro rwangu, Maropa aJesu ega.
Nekururama kwangu, Maropa aJesu ega
Mbiri, Mbiri ndoimba, Maropa aJesu ega.
Rukudzo ndinounza...Maropa aJesu ega.

# Unoneta mwoyo wako here?

Muudze Jesu, Muudze Jesu
Unosuwa neurombo here?
Muudze Jesu ega

CHORUS
Muudze Jesu, Muudze Jesu
Shamwari vazikanwa
Hakuchina umwe wakadaro
Muudze Jesu ega
Masodziarikudonha here?
Muudze Jesu, Muudze Jesu
Mune zvitema zvaigwa here?
Muudze Jesu ega
Murikutya dambudzo’ro here?
Muudze Jesu, Muudze Jesu
Iye uchakubatsira iwe
Muudze Jesu ega
Watya rufo runouya here?
Muudze Jesu, Muudze Jesu
Unodisa umambo hwaJesu
Muudze Jesu ega

# Kunonaka kuda Jesu

Kumudaira kwazvo
Kuzorora pachitsidzo
Ngekuti wakadaro

CHORUS
Jesu, Jesu, ndasimbira,
Ndakabatsirwa naYe
Jesu, Jesu anondipa,
Mwoyo kusimbirazve
O! kunaka kuda Jesu
Ndachena neropa’ro
Ndapona ngekudaira
Kuna Muponesi’vo
Hunde, zvakanaka kwazvo
Kusimbira kwaJesu
Kugashira kuna Iye
Rufaro neupenyu
Ndinofara ndakadzidza
Kusimbira kunemwi
Ndinoziva ndichagara
Pamwe nemwi narini

# Musi wakanakisisa

Apo ndakakusarudza
Mwoyo wangu wafarira
Mwari wangu naM'ponesi

CHORUS
Musi werufaro, Jesu wandisamba mwoyo
Wandidzidzisa kurinda, Nekufara kunamata
Musi werufaro, Jesu wandisamba mwoyo
Rapera'ro, basa guru,
Ndiri waTenzi, ngewangu
Andipfuwa, ndatewera
Ndafara mukudaidzwa
Zvino zorora mwoyo'wo
Funga ngeizvi zviro zvo
Usapatsane naTenzi
Ndiye une zviro zvese

# Uyai imwi mwese munodisa Tenzi

Tinoimba rwiyo rwake
Tinoimba rwiyo rwake
Nekumira patyo nechigaro chake

CHORUS
Toenda kumusha, musha waMwari kudenga
Toenda kuZioni
Kwakanakisa kwaMwari
Tese tinoimba tinoziva Mwari
Tisati taswika apo
Tiri vana vekudenga
Totaura idi, Totaura idi
Tinofara pano ngezvake zvaMwari
Tisati tasvika apo
Tisati tasvika apo
Musha weZioni, Musha weZioni
Ngatiimbe kwazvo, tinorega kutya
Totewera Immanuel
Totewera Immanuel
Kunyika kudenga, Kunyika kudenga

# Ndinoda kutaura kuti

Ndaponeswa ngeropa'ro
Pamsana'po pemutsa wake
Ndichagara kumusha'ko

CHORUS
Ndaponeswa,
Ngeropa rake, reNyenye
Ndaponeswa,
Zvendichiri mwana wake
Ndinofara ngekuti Jesu
Auya kundiponesa
Ngekuti kupenya kwake'ko
Kuri kunditungamira
Ndinotondera Muponesi
Ndichiri kufunga ndiye
Ndirikuimba nguva dzese
Ngerudo rukuru rwake
Ndichamuona Mambo wangu
Ndoita mutemo wake
Achiri kunditungamira
Dakara kumusha kwake
Chiripo chiremba kudenga
Chinondimirira ini
Tichaenda ngekukasika
Kumusha wake'wo Tenzi

# Tinozogara patyo payo

Mvura yeupenyu
Jesu anozomira iyo
Kuchingamidza'su

CHORUS
Tinozogara patyo payo
Mvura yeupenyu'wo
Jesu ndiye mvura idi
Mvura yeupenyu'wo
Apo taneta nekufamba
Tafara kugara
Uko mvura inowerera
Tinoona simba
Ndizvo uyanyi kuna Kristu
Mvura yeupenyu
Munozoona ruponeso
Rwagadzirwa isu

# Apo Jesu anounganidza

Vanhu vese pamberi pake
Tinomira senyi mukutongwa
Pamusi werumuko rwake?

CHORUS
Achaunganidzira mapfunde
Asi anopisa hundiwo
Tinomira senyi murutongo
Rwemusi mukuru uyo?
Tinonzwa here inzwi raJesu
Muranda wakanaka iwe
Zvimwe tinodedera nekutya
Tinobviswa pahope yake
Ndizvo ngatirindire nemwenje
Iri kupenye zvakanaka
Kuti apo mukwambo auya
Tagadzirira kundopinda
Mwoyo yedu irikunangisa
Apo Jesu ari kudenga
Tinombo mirira nekutiwa
Dakara rwendo’ru rwapera

# Tenzi handinagise pfuma dzepasi'po

Ndinochema kupinda mudanga kum'soro
Mutsamba reumambo hwenyu hwekudenga
Mundiudze M'ponesi, kuti ndakanyorwa

CHORUS
Ndinoda kuziva kuti ndakanyorwa
MuTsamba reUpenyu, Kuti ndakanyorwa
Tenzi zvitadzo zvangu zvawanda sejecha
Asi ropa'ro renyu rinondiponesa
Zvechitsidzo'cho chenyu chanyorwa mutsamba;
Zvitema zvakatsvuka,
Ndinozvichenura
Musha wakanakisa, Dzimba dzekupenya
Nevanhu vane mbiri, Nenguvo dzachena
Hakuna zvakaipa, izvo zvinopinda
Ngerosi dzinorinda, Here ndakanyorwa

# Kurikuwamba kutonga kwaMwari

Mabhuku anozarurwa
Mabasa ese nezvifungo
Mwari anozotonga

CHORUS
Tichazomira senyiko,
Pamusi mukuru uyo?
Tinozoraswa naye here?
Zvimwe tinoponeswa'vo
Kutonga kunowamba kunaiwo
Vakarara'vo vakafa
Pakarepo vari kupona
Vese vanozotongwa
Tichamira senyiko isu apo
Zviro zvese zvapangidzwa?
Kubva mabhuku ekudenga
Vangani vachamira

# Mambo wedu atidayidza

Kuchidyo chake che kudenga
Tomira senyi mukutongwa
Mambo apinda

CHORUS
Apo Mambo apinda, Kuzotitonga
Tichamira senyi apo, Mambo apinda
Mambo Jesu ane chiremba
Pakange pazoiswa minzwa
Nembiri yake ticham'ona
Mambo apinda
Zvakaigwa zvichaoneswa
Apo tapinda pakutongwa
Zvemumwoyo tinozviwana
Mambo apinda
Achafara pakutiona
Kuti tapfeka nguwo chena
Ndizvo kunesu kunonaka
Mambo apinda
Tenzi, tinokumbira mutsa
Kuti tese tinozomira
Munzwimbo dzedu nekusatya
Mambo apinda

## Dyara mangwanani, mbeu’dzo dzemutsa

Dyara masikati, nemumanheru
Mira kupupura, nguva yekucheka
Tichafara nekuunza misumbu

CHORUS
Unza misumbu, unza misumbu
Tichafara nekuunza misumbu
Unza misumbu, unza misumbu
Tichafara nekuunza misumbu
Dyara mukujeka, dyara pane bvute
Usatye makore, m’basa raJesu
Basa richapera, minda yichachekwa
Tichafara nekuunza misumbu
Yenda nekuchema, dyara kuna Tenzi
Kana nekushaya kufadza kwedu
Kuti taripedza, achachingamidza
Tichafara nekuunza misumbu

# Inzwa inzwi reMufudzi

Kunze kugwenga redima
Arikudaidza hwai
Dzakarasika'ko kure

CHORUS
Pinzanyi, Pinzanyi, Dzese dzarasika pinzanyi
Pinzanyi, Pinzanyi, Unza dzese kuna Jesu
Ndiyani anobatsira
M'fudzi mukuru wemutsa?
Kuti aone dzaraswa
Nekudzipinza mudanga
Inzwanyi dziri kuchema
Kugomo guru kugwenga
Tenzi anoti kunesu
Endanyi kutswaka dzangu

# Ponesa vese’wo varege kufa

Muvabvise muzvavo zvitema
Chemera vatadzi, nekuvaudza
Kuti Jesu anovaponesa

CHORUS
Ponesa vese’wo, Varikufa’yo
Jesu ane mutsa, Kuponesa
Kana vamuramba, Arikumira
Amirira vese kugashira
Muvatete ivo, teta ne mutsa
Asunungure vanodawira
Mukati mwe mwoyo yevanhu vese
Zviri zvifungo’zvo zvakaigwa
Itanyi ngerudo, dirira tsitsi
Zvichamera kuva zvakanaka
Ponesa vese’vo vanhu vaJesu
Tenzi anopa simba rebasa
Kuvadzokesera kunzira duku
Kuti muponesi wavafira

## Ndinoda kutaura

Soko rekudenga
RaJesu, mbiri yake,
RaJesu watida
Ndinoda kutaura
Soko ngereidi
Rinondigutsa mwoyo,
Ndiro rega basi

CHORUS
Ndinoda kutaura soko rekuponesa
Soko’ri rinokosha, rerudo rwaJesu
Ndinoda kutaura
Soko roshamisa
Rinopinda kufunga,
Kwedu kwekurota
Ndinoda kutaura,
Rakandibatsira
Saka ndauya hangu,
Kukutaurira
Ndinoda kutaura
Soko rinofadza
Nekuritaurazve,
Rinonakisisa
Ndinoda kutaura,
Ngekuti vamwe zve
Havasati varinzwa
Iro soko rake
Ndinoda kutaura
Soko kune avo
Vakarinzwa kare’ko
Vachiri kudisa
Apo tirikudenga,
Ndichaimba rwiyo
Rwe soko’ro rimwero,
Randakadisa’wo

# Tsvakanyi vese vakarasika

Nekuvaunza kwaMponesi
Soko raJesu kutaurira
Uya kuneni, Iye ati

CHORUS
Yendai kure... pamakomo'yo
Unzai vafambi... kumusha
Pinzai m'danga... raMuponesi
Jesu Nyenye... yabayiwa
Tsvakanyi vese vakarasika
Kuvaratidza kuna Jesu
Kutungamira muiyo nzira
Yeruponeso neupenyu
Ndizvo ndinoda, ngekuti Jesu
Vandidayidza kum'teera
Kuvabatsira vakarasika
Nekuna Jesu kuvaunza

# Kure nepatyo’yo minda

Yazara nemisumbu
Yaibva yese mubani
Nezve pachipukutu

CHORUS
Tenzi we kupupura’ko, Mutinzwe tochemera
Vatumire’vo vabati, Ichiripo zvenguva
Vatumire mangwanani
Zve nepamasikati
Vatumire pamanheru
Kwese kwese vacheki
Imwi Mwari atumira
Unganidze nge simba
Ndizvo basa’ro rapera
Muchafara kumusha

# Ngatibate basa varanda vaMwari,

Ngatitewere nzira yaJesu tenzi,
Ngeinzwi rake'ro tinosimbiswazve,
Ngatite nemasimba basa rake
CHORUS
Tichiri… kubata… Tichiri kubata,
Ngatisi… mbirire… dakara tenzi auya
Ngatibate basa kugutsa vanoda,
Kune tsime yedi unza vakaneta,
Tinoshumaira, Jesu vatifira,
Pamchinjiko wake wakatiponesa
Ngatibate basa riripo revese,
Umambo hwedima hwuchazoputswa'di
Nezita raJehova rinozokudzwa,
Kuti soko revangeri rinokura
Ngatibate basa kuti rizopera,
Vacheki vachadzika kundopupura
Ndizvo tichagara naJesu kumusha,
Tichaimba narini, Tazoponeswa

# Usiku hunouya, bata basa renyu,

Bata richipo zuva, bata usiku,
Bata pamangwanani, bata masikati,
Usiku hunouya, rinopera'di
Usiku hunouya, bata basa renyu,
Iyo muchazorora, ngatibate'di,
Zvino irirpo nguva, bata nemasimba,
Usiku unouya, basa rapera
Usiku hunouya, bata basa renyu,
Denga'ro rakatsvuka, repamanheru,
Bata, irikupera, nguva'yo yebasa, ,
Usiku hunouya, basa rapera

# Tenzi muchanzwa ndoimba,

Zve pamangwanani,
Ndinonamata kunemwi,
Ndinochema imwi
Ndinoda Mweya Mutsvene,
Unditungamire,
Itanyi nzira ichene,
Kuneni munzira
Avo vanhu varikuda,
Vachapiwa tuso,
Mwari anova chengeta, ,
Nemutsa nenhowo

# Ngatiimbe pamwe tese,

Kudza zita'ro raTenzi,
Mbiri yaMambo'yo Mwar,
Kudza zita'ro raTenzi
CHORUS
Mwese kudzanyi zita raTenzi;,
Kudza zita'ro raTenzi,
Rine simba kuponesa,
Kudza zita'ro raTenzi
Jesu zita remasimba,
Kune tsime yedi unza vakaneta,
Tinoshumaira, Jesu vatifira,
Pamchinjiko wake wakatiponesa
Ngatibvume zvinyangadz ,
Kudza zita'ro raTenzi,
Tachenurwa ngeroparo, ,
Kudza zita'ro raTenzi

# Tendanyi Mwari Jehova,

Imwi pasi nekudenga,
Kudza Baba neM'rumbwana,
NeMudzimu Unoyera. Amen
Tiri wana wa Mambo, wa Mambo, wa,
Mambo; Tiri wana waMambo, Toimba pa
rwendo; Jesu Mutungamiri, Isu,
hatichazotyi; Titerere kwa ari,
Toimba pa rwendo
Tinoenda kumusha, kumusha, kumusha,
Tinoenda kumusha, Toimba pa rwendo,
Tinoenda kumusha, Apo kusina dima,
Jesu ari kupenya, Toimba pa rwendo
Nge rufaro toenda, toenda, toenda,
Ngerufaro toenda, Toimba pa rwendo,
Hatiregi kuimba, Mwoyo iri kushinga, ,
Dakara tinoswika, Toimba pa rwendo

# Ndoimba simba raMwari wakwidza makomo,

Waparadzira nyanza'yo, Wavaka kumsoro, ,
Ungwaro hwaita zuva kutonga sikati,
Mwedzi upenye usiku, Nedzese nyenyedzi
Ndoimba mutsa waTenzi wagadzira chidyo,
Wakasika zviro zvese, ngeinzwi rake'ro,
Tenzi zvishamiso zvenyu zvinoonekwa'yo,
Ndinozviona kwese'ko, Zvimwe nekumsoro
Miti yese nemaruva zvinokudza Imwi,
Makore nechampupuri zvatumirwa nemwi,
Zvisikwa zvese ngezvenyu, Munozvichengeta, ,
Zviro zvese pasi pano, Zvese munoziva

# Kudzanyi Mambo arikudenga,

Imbai ngerudo runoshamisa,
Mudziwiri wedu, atichengeta,
Agere mumbiri, awirikidzwa
Taura zvake simba nemutsa,
Kujeka kwake kuriko kwese,
Tonzwa kutinhira kudenga kwake,
Zviripo pamsoro, nepamakore
Munochengeta zviro’zvo zvese,
Munopa mweya, neupenyuzve,
Zvipo zvenyu zviri pasi, kudenga, ,
Muzuva, mudima, m’dowa nem’mvura
Tirivaduku, nevemhukuta,
O, Baba wedu, tinosimbira ,
Musiki wezvese, neMuchengeti, ,
Mununuri wedu, nezveShamwari

## Baba tinouya, Munotibatsira,

Kumwezve hakuna tingaende,
Pasi pane dima, Imwi musipo'ba,
Munotinyaradza, Tichengete
CHORUS
Baba tinouya, Tinoshaya;,
Munotibatsira, Munotinzwa
Munotiponesa kune zvakaipa,
Mumwoyo mutipe kuzorora,
Hatine masimba, Mutipe kushinga,
Ruwoko rwesimba, Tinobata
Mutipe'vo mutsa, Wako tinozowa,
Kuti tinotiza muchitema,
Mutitungamirire dakara tisvike,
Kumusha mutswene, Tinogara

# Musandipfuure Tenzi,

Inzwai ndochema ,
Apo mwadaidza vamwe,
Musandipfuure
CHORUS
Muponesi, Inzwai ndochema,
Apo mwadaidza vamwe,
Musandipfuure
Ndipenyi’wo wenyumutsa,
Ndinokumbira,
Ndirikumupfugamira ,
Nekudaira
Ndinomusimbira Jesu,
Ndinokutsvaka ,
Rapanyi’wo mwoyo wangu,
Kundiponesa
Muritsime rangu Tenzi ,
Zve neupenyu,
Hakuchina Mubatsiri ,
Asi’mwi Jesu

# Nguva’yo yekunamata,

Naiyo takomborerwa,
Inotipa kukumbira,
Kuna Baba wekudenga,
Munguva dzekutambudzwa,
Mwoyo yedu yanyaradzwa,
Yapukunyuka kubatwa,
Ne’yo nguva yekutenda
Nguva’yo yekunamata ,
Tapinda’vo kukumbira ,
Kuna Iye warindira ,
Isu kutikomborera ,
Ngekuti wandidaidza ,
Mutsa wake ndasimbira ,
Vachabvisa zvakaipa ,
Panguva yekunamata
Nguva’yo yekunamata,
Ndinodisa kunyaradzwa,
Sepagoma’ro rePisgah,
Ndoona musha kudenga,
Murumuko rwekusafa,
Chipo changu ndichapiwa,
Ndichati apo ndakwira,
Ndapinda ngekunamata

# Basa reviki rapera,

Sabata rimwe rawamba,
Mwoyo wangu muzorore,
Musi wakakomborerwa
Kudza Mwari wakatipa,
Ruzororo rwakanaka,
Wakomborera Sabata,
Kupinda misi yebasa
Ngoma dzedu dzinokwira,
Serusensi rwekudtenda,
Kuna Jesu tigashire,
Kuzorora kwatapira
Runyararo rwemumwoyo,
Ririchitsidzo chaMwari,
Arikutigadzirira,
Ruzororo rwekudenga

## Murindire nhasi, nguva yapfupika,

Rinda musatadze, MaKristu namata,
Nyama yanyorova, mandu inesimba,
Rinda unamate, Jesu uchauya
CHORUS
O ri… ndira, O na…mata,
Rindira masikati nemudima ,
MaKristu rindira
Muka mukurara, rega kupokana,
Chipo chirichako, zorora kudenga,
Rindira MaKristu, Jesu warindira,
Dakara dikita rabuda pahuma
Daira Jesu’wo iripetyo mhandu,
Sungisa mapfumo, achauya Jesu,
Nguva ichiripo musanonokezve,
Rindira maKristu, rindira namata

## Musarikanganwe Sabata raMwari,

Riri rakanaka kupinda misi yese,
Rinounza zororo, rudo nerufaro ,
Kunaka kwekudenga kunojeka naro
CHORUS
Tinotenda ngeSabata, musi waMwari,
Tinotenda ngeSabata, musi waMwari
Chengeta Sabata, mum’kudze’di Jesu,
Wakati, Ndirinzira, Idi Neupenyu,
Kuti timuteere Jesu pasi pano ,
Anotipa kudenga kugara ikwoyo
Musi unoyera, ngatiimbe nhasi,
Zviyimbo zvekutenda Jesu Muponesi ,
O, Mponesi wemutsa, ngerudo rukuru ,
Tatenda ngechitsidzo, munogara nesu

# Musi wekuzorora, Musi werufaro ,

Musi wekubatsira vakanaka avo,
Musi’wo zvengerosi dzichiri kukudza,
Ozofugama pamberi paMwari, Jehova
Musi wekubatsira avo vatambudzwa,
Semunda wakanaka, Edeni yoyera,
Setsime yerufaro mupasi renyota,
Musi’wo sepaPisgah, Toona kudanga
Musi wekutondera basa reMusiki,
Musi kutipangidza, Todisa zva Mwari,
Musi wekutipazvo zvimwe zvakanaka,
Totsvaka ruzororo, rwe musha kudenga

# O, Chikoro cheSabata

Nzwimbo yakanaka
Mwoyo urikutondera
Kupinda m'Sabata
CHORUS
Sabata… ranaka…, Sabata… ranaka…
Mwoyo urikutondera, Kupinda m'Sabata
Pano mwoyo wakatanga
ZvaJesu kuziva,
Nekutsvaka nzira yake
Ndawana Sabata
Pano Jesu wakamira,
Wakandidaidza,
Kuti ndinomusarudza,
Muiri Sabata

# Mwari watichengeta muiri viki rese

Nhasi tiri kutsvaka chikomborero chake
Sabata rakanaka kupinda rimwe zuva
Sabata rakanaka kupinda rimwe zuva
Tirikutswaka mutsa ngezita’ro raJesu
Touya kubatsirwa, bvisa zvitema zvedu
Tinozorora nhasi kubva basa reviki
Tinozorora nhasi kubva basa reviki
Ndizvo maSabata’o angadaro kunesu
Tichabatsirwa navo, kunaka muupenyu
Dakara tichatorwa kuna Jesu kudenga
Dakara tichatorwa kuna Jesu kudenga

# Tinofara ngemusi

Wakapiwa ngemutsa
Unotifadzisisa
Sekujeka kwedenga
Musi wekunamata
Kuimba nekutenda
Nekufunga ngebasa
ReMusiki wedenga
Sabata rinokosha
Musi wekuzorora
Nekutipa kuziva
Ndiwo takomborerwa

# Tanzwa kunakisisa, Jesu aponesa

Iro soko raura, Jesu aponesa
Ziwisa nyika dzese, Kumhiri'yo kwenyanza
Tenzi anotituma, Jesu aponesa
Tumiranyi panyanza, Jesu aponesa
Udzanyi vanyangadzi, Jesu aponesa
Imbanyi'vo zvitsuwa, Kana vari panyanza
Pasi richazorinzwa, Jesu aponesa
Imbanyi mudambudzo, Jesu aponeswa
Ngeupenyu nerufo, Jesu aponeswa
Imbanyi nekupfawa, Mwoyo unoda mutsa
Imbiranyi paguva, Jesu aponeswa
Ipa inzwi pamweya, Jesu aponesa
Kuti ndudzi dzizoda, Jesu aponeswa
Daidza kuponeswa, Mumakomo neninga
Rwiyo rwekukurira, Jesu aponeswa

# Muponesi garai neni

Handichafamba ndega
Ndinoda kuziva kuti
Mundonditungamira

CHORUS
Ndizvo mwoyo hautyi, Munditungamire'di
Ndinoenda kwese kwese, Ndikuteera ini
Muponesi garai neni
Handina'ba masimba
Asi munesimba imwi,
Munozondibatsira
Muponesi garai neni
Muupenyu hwangu'wo
Mukutambudzika kwangu
Nezvemurufaro'wo
Muponesi garai neni
Mundione munzira
Kuti ndizoswika ini
Kumusha wekudenga

# Apo ndinozotondera

Muchinjiko waM'ponesi
Zviri zvangu ndinoshora
Zvese'zvo hazvibatsiri
Ona maropa anobva
Musoro diti mawoko
Hakuna rudo rumweba
Neurombo hwakadaro
Kana ini ndakashata
Ndasunungurwa naIye
Chiro chimwe handichadi
Asi muchinjiko wake
Kuti ndirinazvo zvese
Zviri chipo chidukuzve
Urwo rudo rwakadaro
Runoda upenyu hwese

# Jesu ndishamwari wedu,

M’takuri wezvitadzo
Isu tinokomborerwa
Unonzwa minamato
O tashaya runyararo
Tinorwadzwa mumwoyo
Kuti tisabvumira’zvo
Zvese kuna Jesu’yo
Kuti isu tinoyedzwa
Zvimwezve tatambudzwa
Tisarasa rudairo
Namata kuna Jesu
Ndiye shamwari wedi’ko
Kutakura dambudzo
Unonzwa kutadza kwedu
Bvumira kuna Jesu
Kuti tashaya masimba
Taneta nemutoro
Muponesi Mubatsiri
Bvumira kuna Jesu
Vashamwari vakushora?
Namata kuna Jesu
Iye unokutambira
Kumbira kuna Jesu

## Jesu arikudaidza iwe udzokere kumushazve,

Ngenyi Unoda kufamba kure kubva kurudo Rwake?
CHORUS
Wa…daidza, Wa…daidza,
(Arikudaidza nasi Arikudaidza nasi)
Jesu Arikudaidza iwe namusi
(Jesu Arikudaidza iwe'daidza iwe namusi
Jesu arikumirira iwe, wakaneta Uzorore,
Wunza mitoro yese kwaAri, Unozokomborerwa.
Jesu arikumirira iwe, Uya zvino Uya zvino,
Uunnze zvese zvitema zvako, Uya usanonoke
Jesu arikukuteta iwe, Inzwa zvino mazvi Ake,
Avo vaanonzwa vachafarira, Uyai zvino mwese.

## Kune mweni pam’siwo za … rura (Rega apinde Jesu apinde)

Ange aripo kare za … rura (Rega apinde Jesu apinde)
Zarura achiripo Zarurira Mutswene Jesu mwana wa Mwari Za … rura
(Rega apinde Jesu apinde)
Zarura mwoyo wako za … rura (Rega apinde Jesu apinde)
Zarura anga ende Za … rura (Rega apinde Jesu apinde)
Zarurira shamwari Ano kurWira mweya’ Owa newe narini Za … rura
(Rega apinde Jesu apinde)
Inzwa onyengerera Za … rura (Rega apinde Jesu apinde)
Zwino sarudza Iye Za … rura (Rega apinde Jesu apinde)
Akamira pam’siwo Ano kupa rufaro Zita Rake rokudzwa Za … rura
(Rega apinde Jesu apinde)
Gashira Wekudenga Za … rura (Rega apinde Jesu apinde)
Achaku’tira m’tambo Za … rura (Rega apinde Jesu apinde)
Achakusunungura Zwepasi: zwazopera Okutora kumusha Za … rura
(Rega apinde Jesu apinde)

# Mutongi akauya kuna Jesu, Kuzo bvunza nenzira yeupenyu;

Tenzi Akamupindura Akati, "Barwa nyi zwe patswa," (patswa)

CHORUS
Barwa nyizwe patswa, (patswa) Barwa nyizwe patswa, (patswa)
Nge idi, idi ndinoti kunewe, "Barwa nyizwe patswa" (patswa)
Vana vevanhu tereranyi izwi, Rataurwa nedi na Jesu Tenzi,
Usaite iri soko re nhando, "Barwa-nyizwe patswa" (patswa)
Imwi muchapinda munezororo, Munoimba rwiyo newa poneswa,
Muwane upenyu husinga gumi, "Barwa-nyizwe patswa." (patswa)

# Ndinzwe Tenzi muwe nemutsa neni; Mununuri Uyai

Mweya wangu unodisa Imwi; Mununuri Uyai

CHORUS
Ndapumhuka kure kumakomo; Ndapumhuka kure nemusha,
Onditorei ndipinzei mudanga Mununuri Uyai
Handinaba nzwimbo yekurara Mununuri Uyai,
Nditarisai Ndawane Upenyu: Mununuri Uyai.
Nzira yangu inondi tambudza, Mununuri Uyai
Ndakatarisira rudo rwenyu, Mununuri Uyai.
Musarase kuzwishora kwangu, Mununuri Uyai.
Mundi nzwe mukunamata kwangu, Mununuri Uyai.

## Angatinunura! Daidzira kwese; Ano vanunura vanonzwa;

Mumoyo mukuru, wevanyangadzi, Jesu onunura ano uyayo.

CHORUS
Anotinunura, Anoponesa. Uri hama yangu, Dawira Jesu.
Angatinunura! Ngezwedi here? Kune Simba here ringanunura
Ndiudze neidi aka urawa Angandiponesa kuna Satani
Angakununura shinga usatye, Mushandire Jesu; Anoponesa
Usatye Satani, Simba na Jesu, Usazopokane shinga umire

## Tinozowakira paDombo, Jesu Dombo remako...re

Tinozomira takashinga, Cham'pupuri Chouya,

CHORUS
Tozo...wakira paDo...mbo Kristu
(Tozowakira padombo Kristu) (Tozowakira padombo Kristu)
(Pamve) Tozowakira padombo Kristu, Padombo guru.
Vamwe vanowaka pajecha, Pandangariro dzepfuma;
Vamwe pachitema nehondo, Pambiri nerufaro.
O wakira paDombo redi; Nheyo yedi yakasimba,
Rine vimbo inokurira; vimbo yeruponeso.

# Ndiudze nyaya yaJesu, Uyi nyore mumwoyo;

Udza nyaya inokosha, Yakanakisa kwazvo.
Kuti ngirosi dzaka i-mbira Tenzi abarwa,
Mbiri kudenga kum’soro Runyararo mupasi.

CHORUS
Ndiudze nyaya yaJesu Nyora mumwoyo wangu;
Iyi nyaya inokosha Yakanakisa kwazwo.
Kutsanya kwake mugwenya Ndiudze misi yake,
Achititambu dzikira Akakunda chitema,
Ndiudze nebasa rake Nekutambudzwa kwake;
Akashorwa nekurwadzwa Akarambwa nevese.
Nekurowera kwavo, Nekurwadziwa kwake;
Neguva vakamuwiga Nezvekumuka kwake;
Nyaya yerudo rwaJesu Iwe pachena kwazvo;
Ndiudze ini ndicheme Rudo rwakanditenga.

# Jesu ari Mufudzi, anokudaidza

Mukati me-danga'mo kuchine nzvimbo.
Uya kuchinasi uno apo uchimutsva,
Pinda muiro danga, danga iro redi.

CHORUS
Nge rudo Jesu anodaidza, Mfambi zve uya zvino;
Ari kundirekerera ini, Jesu Mufudzi wangu.
Jesu ari Mufudzi, wakafira iwe
Anodaidza zvino, Mfambi uya kuneni;
Kunze kune dambuzo, uya unodanwa,
Pinda muiro danga, danga iro redi.
Pinda, usanonoke, kunze kune mhumi,
Dzinozokukuwadza, dzakapanduka kwazvo.
Jesu ari Mufudzi, anokudaidza,
Pinda muiro danga, danga iro redi.

## Apo m’tongi otiyera, Kana takafanira

Tichamira sendarama, Kana senhando here?

CHORUS
Tichazoyerwa nem’temo Tichareruka
Tichazoyerwa naTenzi Tichareruka
Tonzwa mazwi erufa-ro: "Waita zvakanaka!"
Kana mazwi anotyisa; "Hauna kukwanira?"
Ngatinzwe mweya mutsvene Apo tichada mutsa,
Kana tanonoka Mwa-ri, Anounza magumo?

## Inzwa mazwi aMuponesi Ndiwo mazwi eupenyu.

Inzwa utondere Jesu akati, "Vakomborerwa vaiti."

CHORUS
Vakakomborerwa vakarurama, komborerwa, komborerwa,
Vakakomborerwa vano’ta m’temo komborerwa,
komborerwa.
Hakutibatsiri kunzwa kwedu mitemo nezvitsidzo;
Kuzvinzwa, kuzviita hakuponesi; Vakomborerwa vanoita.
Vanozopinda mumusha vakasunungurwa zviitema
Vasukwa, nembiri, zvino narini, Vanodya muti veupenyu.

## Hakuna hama kupinda Jesu, Hakuna, neimwe!

Hakuna umwe kurapa vese, Hakuna, neumwe!

CHORUS
Anoziva nanhamo Jesu, Anotungamira tese,
Hakuna umwe kupinda Jesu, Hakuna!neumwe.
Hakuna umwe mukuruzveba, Hakuna ne-umwe!
Asi Anozviita muduku, Hakuna neumwe!>
Hakuna nguva asipo Iye, Hakuna neimwe:
Kana usiku rudo ruripo, Hakuna neimwe.
Hakuna umwe akamborambwa, Hakuna neimwe! neumwe!
Kana munyangadzi ha’murambi, Hakuna!neumwe!
Hakuna chipo chikuruzveba, Hakuna nechimwe!
Hangatinyimi musha kudenga, Hakuna neumwe!

## Pamuchinjiko pane upenyu, Jesu Ati, "Nditarise."

Pasi nepfuma ngezvenhando, Pamberi ndoona zvakanaka.

CHORUS
Mune u-penyu muku-tarisa muchinjiko.
(Upenyu m’kutarisa pam’chinjiko vaKristu,)
Upenyu hwakanaka kutarisa Kalvari
(Upenyu hwakanaka tarisa paKalvari, pakalvari.)
Apo ndakamutarisa Jesu, Iye Akanyemwerera,
Kuti ndava mumatambudzo, Muchinjiko unondisimbisa.
Ndinozotarisa muchinjiko, Ndosimbira muchinjiko;
Hakuna anozoputsika Vanosimbira simba redenga.

# Jesu arikudanira kumusha, kudana iwe neni,

Arindira pamusiwo nemwoyo, Rindira iwe neni.

CHORUS
Uya kum’sha, Imi maneta uya.
(Uya) (Kum’sha)
Jesu arikumudaidza kwazvo, O munyangadzi uya
Musanonoke achimudaidza Kunyengerera imwi,
Ngenyiko tisinganzwi mutsa wake, Mutsa kunewe Nemi.
Nguwa irikukasika kupfu’ra Kupfu’ra iwe neni,
Bvute, nedima, rufaro zvouya Uya kunewe neni
Funga ngerudo akatitsidzira Tsidzira iwe neni
Kana takatadza ‘nosunungura, Osunungura tese.

## Zambara rakazarurwa Kuti ini ndipinde;

Muchinjiko waM'ponesi Tichauona apo.

CHORUS
Mutsa wakadzama kwazvo kuti andizarurire,
Ini...ini...Rasiyirwa ini.
(Ini) (ini.)
Zambara rakazarurwa Kuti vese vapone.
Vapfumi kana varombo, madzinza kana ndudzi.
Pamberi ngatifambenyi, richakandozarurwa,
Gashiranyi rudo Rwake, Chiremba nem'chinjiko.
Hunde mhiriyo kwerwizi Totura muchinjiko
Totakura 'cho-chiremba Toda Mwari kudenga.

## Murapi m’kuru uripo we mutsa, ndiye Jesu.

Anofarisa warombo, Inzwai izvi raJesu.

CHORUS
Zita Rake ritendzwe, Zita rake rikudzwe
Zita Rake riimbwe; Jesu hunde Jesu
"Zwitadzo zwa sunungurwa" Inzwai izwi raJesu.
Fambanyi naYe kudenga, Tigere’ko naJesu.
Mbiri kuNyenye yaMwari, Ndinodawira Jesu,
Ndinodisa zita iri raMuponesi Jesu.
Zwimwe ndatadza ndinoda Kunzwa zita ra Jesu,
Mwoyo wangu wanyaradzwa Ngezita’ro ra Jesu.
Apo iye achauya nembiri ne upenyu,
Tichafara kutaura ruponeso rwaJesu.

## Uzerea ne kunetswa, Ha’na nzwimbo ya Jesu?

Wabatwa nemirau, Ha’na nzwimbo ya Jesu?
O, Amire pamusiwo, O gugudza-gugudza!
Munzwe onyengerera Ha’na nzwimbo ya Jesu?
Unopambadza nguwa, Hana basa ra Jesu?
Usapambadza Simba, Ha’na basa raJesu?
Hauyedzi kukunda, Kana kuwana Mweya;
Daidza warasika; Ha’na basa raJesu?
Unotswaka upfumi, Ha’na nguva ya Jesu?
Usinga bati basa, Ha’na nguva ya Jesu?
Rufaro ne upfumi, Ndizvo zviro unoda,
Kuyedza kuzvifadza; Ha’na nguva ya Jesu?
Watakura zvenhando, Ha’na m’chero va Jesu?
Haunaba misumbu, Ha’na m’chero va Jesu?
Hauna kana chiro, kuripa basa rako;
Hauwani rufaro, Wokumbana na Jesu?

## Ndanzwa izwi renyu, Randidana Tenzi;

Ndigeze neropa renyu, RepaKalvari,

CHORUS
Ndouya Tenzi! Uya kunemwi;
Ndigezei neropa, RepaKalvari.

Handina masimba, Munondisimbisa;
Mondigezisa ndichene, Ndichene sechero,

Jesu ondidaidza, kune runyararo,
Kurudo nerusimbiro, rwepasi nedenga.

Rukudzo muropa, Kudzai tsitsi dzake,
Kudzai Chipo cha Tenzi, Arisimba Redu.

## Muponesi ati, "Hauna masimba,"

Rinda unamate, Ndinokupa zvese.

CHORUS
Jesu M’nunuri, zvese ngezwake,
Zvitema zvakatsvuka "zwachena Sechero"
Tenzi ndazoona Munesimba rese,
Munobvisa hosha ne mwoyo we dombo.
Handina kunaka kungadiwa tsitsi,
Nguwo ya-ngu ndogeza muropa renyenye.
Pachigaro chenyu ndichamiranemi,
Ndicha isa zwese pamakumbo Ake.

## Ndinoona nanda dzvuku Tsime rakadzama,

Jesu Tenzi Muponesi Wakatifirayo.

CHORUS
Tsime iro ndoriwona Iro rinondichenesa;
Kudza Tenzi! Rochenesa, Kudza Tenzi rochenesa.
Nda wona upenyu hutswa Ndanzwa ropa Rake;
Zwitema zwese zwapera Apo patsimero.
Ndamuka ndaitwa mutswa Nembiri yedenga;
Ne mwoyo nenguwo chenaa Na Kristu mandiri
Chishamiso tsitsi dzake, Ropa Rake pasi;
Muziwenyi Jesu chete wakati nunura.

## Baba ndouya kwamuri; Hakuna umwezwe!

Kuti mandisiya ndeda; O ndinoendepi.

CHORUS
Ndodaira iye zvino, Jesu wandifira,
Ropa Rake raparara, kuchenesa ini.
Mwana wenyu ndom’daira, ndinzwe simba renyu,
Zvidiso zvangu zvazadzwa, mune ino nguva.
Muvambi verudairo, Ndotarisa imwi,
Ndogashira chipo chenyu; Ndiponeswe nacho.

# Ndicha i...mbira Jesu Iye wa...kandidisa

(Ndicha-i...) (Iye wa...)
Akari...siyadenga Akafa pa Kari-va-ri
(Akari...)
CHORUS
Ndoimba...rudo rwaJesu, Ndomuku...dzanarini
(Ndoimba...) (Ndomuku...)
Wakandi...fira ini Ndoimba rudo rwake
(Wakandi...)
Ndisati...ndachema Jesu aka...ndichemera
(Ndisati Suaka)
Ndisati...ndanamata Akandi namatira
(Ndisati)
Okudza...makwerudo Hakuzi...kanwikwese
(Okudza...) (Hakuzi...)
Kutizwi...tema zvangu Zvacheneswa sechero
(Kutizwi)
Handina...rudo rwaJesu Ndomuku...dza narini
(Handina) (koaka)
Tenzi mwo...yo waneta Ndizadzeyi nerudo
(Tenzimwo)

## Petyo, Petyo, ne mwoyo venyu, Ndiswendedze imwi munokosha

Ndifungatireyi paditi, Ndiyige muninga, yezororo,
Ndiyige "Muninga, yezororo."
Petyo, Petyo, handina chiro chemupiro kuna Jesu mambo;
Chete mwoyo unechitema, Ndicheneseyi ne ropa renyu;
Ndicheneseyi ne ropa renyu.
Petyo, Petyo, zve kuva wenyu, Ndino siya zvese zvechitema
Rufaro rwacho, nekuzvida, Ndipenyi Jesu
Akarowerwa, Ndipenyi Jesu akarowerwa
Petyo, Petyo, ndichikupona, Dakara ndiswike m'mbiri
Yenyu, Ndinozowa wenyu narini,
Petyo Muponesi, petyo nemwi,Petyo Muponesi, petyo nemwi

## Zita rakanakisisa, rinopfuura ese,

Rakapiwa naye Baba, Kumu Rubgwana Wake.

CHORUS
Iro rinoyera; Zita rinoyera
(Royera!)(Royera!)
Rabva kuna Baba, Ra’ya pasi
Rauya ne ngirosi; Ra’ya pausiku
(Royera) (Royera)
Zita ra Tenzi Jesu.
Rounza chikomborero, Ndoimba ndichifara,
Zita Rake ndoribvuma, Ndichazoriparidza.
Nyaya yerusununguro nerudo ndichaimba
Ndichazo rikudza zita rinopfuura ese.

## Kwete ini Asi kudzai Kristu;

Asi Kristu Azihwe akudzwe:
Kristu chete mubasa redu rese;
Kristu basi mukufunga kwese.
Kwete ini Anonyaradza,
NdiKri-stu A-nobvisa masodzi;
NdiKri-stu A-nosimudza mutoro;
Ndiye Kristu Anodzinga kutya;
Kristu basi ha’tauri zwenhando;
Kristu basi Asina nyongano:
Kristu basi Asingazwi kudzi ba;
Kristu basi Ini ndisa onwe.
Handi-ni-ndi Kristu A ndipa zwese;
Handini ndi-Kristu ‘andipa simba;
Kristu chete Asimbisa muwiri,
Kristu chete, Dakara narini.

## Kune kupenya mugomo, nekupenya munyanza,

Nemaranzi anogara Munzwimbo dzakanaka,
Mukati memwoyo wangu mazadzwa nekujeka,
Apo pana Muponesi pano jekesa kwese.

CHORUS
O! kupenya kwakanaka kupenyera mu mwoyo,
Jesu ano bvisa nhamo anopenya mumwoyo.
Ndosiya kusuwa kwangu Senguwadzo dzekare;
Ndifukidze nekutenda mundipenyikutenda.
Kumusha wembiri uyo makandigadzirira;
Mwoyo wangu unotenda ne mweya unobvuma.
Muponesi manditenga ndawawenyu narini;
Ngayipfute mwenje yese ipfutire iye Tenzi.
Kumusha wembiri uyo makandigadzirira;
Mwoyo wangu uno tenda nemweya unobvuma.

## Ndine ngoma yandinoda sezwo ndaponeswa;

Yamununuri naMambo Sezwo ndaponeswa.

CHORUS
Sezwo-ndaponeswa, Sezwo ndaponeswa
Ndokudza Muponesi, Sezwo ndaponeswa,
Ndokudza zita raM’ponesi
Ndina Kristu Oyerisa sezwo ndaponeswa.
Rudo rwake ndurudisa sezwo ndaponeswa.
Ndine mbowo yakanaka sezwo ndaponeswa.
Anodzinga kutya kwese Sezwo ndaponeswa.
Andi gadzirira musha sezwo ndaponeswa,
Kwandicha gara narini sezwo ndaponeswa.

## Mwari avona kashiri kaputsika pasi;

Kuti achida kashiri Anodazve ini.

CHORUS
Anondida, anondida, anondida ini,
Anoda zviduku zvese, anodazve ini.
Anogadzira maruva akanaka kwazvo;
Kuti anoda maruva anodazve ini.
Mwari wakasika zvese, shiri ne maruva,
Haachakanganwi tupwere, Twese anotuda.

# Nguwa yekunamata mwoyo uno pfawa

Touya kuna Jesu M'ponesi wedu
Nekutenda touya, Kuchishangu chedu
Orapa wakaneta, Zvakanaka kuwayo

CHORUS
Mukunamata Tinokomborerwa
Orapa wakaneta Zvakanaka kuwayo.
Nguwa yekunamata, Tenzi oswedera
Ane tsitsi kunzwa vana vachichema
Zvese tinozviisa pamakumbo ake
Orapa wakaneta, Zvakanaka kuwayo
Nguwa yekunamata, apo vano yedzwa
Toisa kuna Tenzi anobatsira
Nemwoyo wekunzwira obvisa zvinetso
Orapa wakaneta, Zvakanaka kuwayo.
Panguwa yem'namato Tinomusimbira
Zwikomborero zwese tinozwiwana;
Mukusimbira iye hakuna dambudzo
Orapa wakaneta, Zvakanaka kuwayo.

# Jesu imi mati "Pakaungana, Wawiri, watatu, munozowapo"

Tinomudaira, Tomunamata; Jesu uyai muzotikomborera.

CHORUS
Jesu u-ya uzo tikombo-rere Je-su kombo-rera, Ugare petyo.
Je-su makasangana nesu kare Asi iwa ne-su nekumagumo
Uya Muponesi, mutipe tsitsi; Tenzi tigashire; tino namata.
Ita mazwi edu amuimbire Inzwa zvikumbiro zvedu kunemwi;
Simbisa rudairo rwedu kunemwi, Chenesai rudo nzira ijeke.

## Ndiri wenyu Tenzi, Ndanzwa Izwi, Rataura nerudo,

Ndinoda kusimba murudairo. Ndiwe petyo nemwi.

CHORUS
Ndipfuwe-nyi Petyo naTenzi: (Pe-tyo pe-tyo)
Petyo nemuchinjiko. Ndipfuwenyi ndiwe
Petyo naTenzi, Petyo nedivi renyu.
Ndipirenyi kubasaro renyu, nesimbaro retsitsi
Mweya wangu utarise imwi, nerudo ruwe rwenyu.
Ndine rufaro Tenzi panguva ndiri-pamberi penyu,
Ndichipfugama nemwizve Mwari Tichitaurirana.
Kune rudo rwondisingazivi, Dakara ndiswikeko;
Rufaro rwo-ndisingasvikiri, Dakara ndiwe nemwi.

# Ngandifane naJesu

Ave Mponesi wangu
Ndizadzenyi nerudo
Ndipfawire senjiwa
Ngandifambe saJesu
Murwendo rweripasi
Ndiri murombo m’mweyo
Garai neni Mponesi
Kana achinzwa shiri
Dzimwe dzichiputsika
Adzi itire mutsa
Ngeidi anondinzwa wo
Anonditungamirira
Nekundiregerera
Ngandi itwe mutswene
Garai neni M’ponesi
Ngandifane naJesu
Mukurarama kwangu
Ndizorore kunemwi
Panzwimbo inyerere
Ndibarwe patsva ini
Nerudo rwake Jesu
Ngandiwe nerutendo
Garai neni M’ponesi

# Petyo nemuchinjiko

Pane tsime kwaro
Mvura yekurapa
Yabva kuna Jesu

CHORUS
Petyo, Petyo nem'chinjiko wenyu
Ndipo panozorora
Mwoyo wangu wese
Petyo nemuchinjiko
Mutsa wandiwana
Apo ndajekeserwa
Kupenya kwaJesu
Petyo nemuchinjiko
Ndonuona Jesu
Ndibatsire kufamba
Mumabvute awo
Petyo nemuchinjiko
Ndorinda ndowimba
Dakara ndizoswika
Mhiriyo kwerizi

# O bvumai ndifambe nemwi

Sezvakaita Inoki
Mubate ruwoko rwangu
Nditaurirane nemwi
Kana nzira yoshayikwa
Ndibvumei ndifambe nemwi
Handingambo fambi ndega
Dutu ririkuvuvuta
Mirawu yakateiwa
Wawengi wanondi yedza
Ese aya matambudzo
Tenzi bvumai ndifambe nemi
Kuti mandipa zororo
Zvepasi zvinova nhando
Ndozofamba neku-shinga
Ndotakura muchinjiko
Dakara ndione Zioni
Tenzi bvumai ndifambe nemi

# Panzwimbo yakakwirira

Mwoyo wangu unotenda
Ndiyani angatsanangura
Neurwu rudo rwaJesu

CHORUS
Rwoshamisa, Rwoshamisa, Ururudo rwaJesu
Runotishamisa isu, Ururudo rwaJesu
Rufaro pamasikati
Nerujeko panedima
Mushonga mudambudzo
Irwo rudo rwo rwaJesu
Tariro yesununguro
Mubatsiri ndaputsika
Muupenyu nemukufa
Ndirwo uru rudo rwaJesu

## Ndinomuda kwazvo

Tenzi kune zviro zvese
Makandipa runyararo
Rusingaparadzwi
CHORUS
Hazvisati zvataurwa, Zverudo rukuru
Hazvisati zvataurwa, Ropa racheniswa
Ndinoziva muripetyo
Kunepasi rino
Ndofunga imwi chete
Kune ipi ngoma
Imwi mandisunungura
Ngandifarisise
Ndisinaba rudo rwenyu
Ini ndinga tsamwa
Tenzi wangu anokosha
Ndomuitirenyi
Kuti nzira yakanaka
Ndozofamba nemwi

# Ndomutewera kweseko

Ndadzidza kumusimbira
Ndotondera kundifira
Pam’chinjiko we Kalvari

CHORUS
Jesu anditungamira, M’rwendo rwese
Nguva dzese, Ari shamwari yeidi
Ndinotondera Kalvari
Ndofarira m’temo wake
Ndoda anditungamire
Rudo rwake rwakanaka
Rwayerera paKalvari
Ndinofamba ndisingatyi
Ndofara naKristu petyo
Ndosimbira ndichaona
Shamwari ye paKalvari

# Ungatore hako pasi

Nerufaro rwaro rwese
Asi ndipe hangu Jesu
Anogara narini

CHORUS
Tsitsi dzake dzakadzama, Nerudorwo rukuru
Rununuro rwakakomba, Chitsidzo che upenyu
Ungatora hako pasi
Undipe hangu Jesu
Anondi nyaradza mweya
Naya ndinozoimba
Ungatora hako pasi
Undipe hangu Jesu
Ndione kufara kwake
Kondifadza munzira
Ungatora hako pasi
Undipe hangu Jesu
Ndinosimbira m’chinjiko
Dakara ndimuone

# Tora upenyu hwangu

Huzvipire kunemwi
Tora mawoko angu
Ayite rudo rwako

CHORUS
Ndisambe ngeropa reNyenye
Ndasambwa, ndachena sechero
Tenzi ndomupa upenyu nezvese
Ndiwe wenyu narini
Tora makumbo angu
Amuitore basa
Tora izwi ndiimbe
Kunemwi nguva dzose
Tora muromo wangu
Uta're soko renyu
Tora upfumi hwangu
Ndisasare nechiro
Tora nguva dzangu
Dzimukudze narini
Toranyi pfungwa dzangu
Mudziitise basa
Tora zvidiso zvangu
Zviite zviwe zvenyu
Toranyi mwoyo wangu
Uwe chigaro chenyu
Toranyi rudo rwangu
Tenzi ndinozvi pira
Tora huini hwangu
Huwe hwenyu narini

# Ndawana shamwari

Yakandida ndisingazivi
Akandipfuwa nerudo
Akandisunga kwa’ri
Mwoyo wangu wasungwa
Nepfundo-ro rakasimba
Jesu ndiri wako ini
Uriwangu narini
Ndawana shamwari
‘Yoshamwari yakandifira
Handi upenyuba chete
Asi akazvipira
Zwe ndinazvo handizvangu
Ndakamuchengetera
Mwoyo, simba, upenyu zvese
Ngezvake narini
Ndawana shamwari
Akapiwa masimba ese
Kundichengeta munzira
Inoyenda kudenga
Mbiri iri kupenyayo
Kuti indisimbise
Ngandirinde ndisewenze
Pamberi ndozorora
Ndawana shamwari
Inemutsa idi nerudo
Ndimutungamiri kwaye
Anenzero nesimba
Kuna iye anondida
Ndinowana masimba
Korufo rungakurira?
Ndiri wenyu narini

# Ndanzwa izwi

Jesu Ati Uya uzorore
Iwe waneta
Urarepo paditi pangu
Ndauya ndaneta
Ini Tenzi ndakasuwa
Ndawana zororo
Rino-fadza kuna iye
Ndanzwa izwi
Jesu Ati, Ona ndinokupa
Chimwa mvura yeupenyu Kuti urarame
Ndauya ndamwa kunaIye
Mvura yeupenyu
Nyota yapera ndapona
Kuna’ye M’ponesi
Ndanzwa izwi,
Jesu Ati, ndini mwenje wenyu
Nditarise kwakuyedza
Ndichakupenyera
Ndawona nyenyedzi
Nemwedzi kuna Jesu
Ndichafara mukujeka
Ndipedzise rwendo

# Ndinoda kuwawenyu

Tenzi ndidzidzisenyizve
Ndoita rudo rwenyu
Tenzi Ndibatsirenyi
CHORUS
Ndiriwe…nyu Tenzi,
Ngeidi ndiri wenyu
Ndinotsi…dza Tenzi,
Tenzi ndiri wenyu’di
Chinyi rufaro neupfumi
Imwi musipozve
Ndinosiya zvese zvepasi
Ndiwane zvenyu
Ndosiya rufaro rwenyika
Uyanyi kuneni
Ndinozoperera kunemwi
Mundinyaradze

# Zuva rakanakisa Rakapinda ese

Totorasa pfungwa dzenyika
Tofunga naMwari
Mazwi erudo akanaka
Kubva kuna Iye
Ku'nza masodzi enhamo
Ot'svitsa kudenga
Kuti tidzinge zvitema
Tayedza tatadza
Iye anoona mwoyo
Anotibatsira

# Tenzi tipatsanisenyi

Nechikomborero zve
Tipe rufaro nefaro
Tikurire netsitsi
Otipenyi masimbawo
Tichafamba mugwenga
Tomutenda nekukudza
Neinzwi revhangeri
Michero yeinzwi renyu
Izadze mwoyo yedu
Tivimbike nguva dzese
Tiwanikwe muidi
Achakavanda mazuva
Ngati ape kwa Muri
Ngatishinge misi yese
Titize tisanete
Kudakare tigoona
Mbiri yenyu kudenga

# Ndiri kukwira munzira

Yekudenga misi yese
Ndichi namata munzira
Tenzi ndikwidzei kudenga
CHORUS
Ndisimudzenyi ndimiseyi,
Nerudawiro kudenga
Panzwimbo yakakwirira,
Tenzi ndimise kudenga
Handidi zvangu kugara
Apo pane kupokana
Asi vamwe vangagara
Tenzi ndimise kudenga
Ndoda kugara kudenga
Kana Satan’ Andinetsa
Rudairo rwangu rwese
Ngerwe kugara kudenga
Ndoda kukwira kum’soro
Ndione kupenya kwenyu
Ndino namatira kuti
Tenzi ndiise kum’soro

# Usade kuregererwa kune basa

Mira usewenze, kwese ungaiswe
Kukona kwake kuri kupiwa iwe
Gashira uwane basa rekudenga

CHORUS
O huya… usawe senyope,O huya… mira
usewenze; Usade kuregererwa
Ungazonzwi achiti kunewe, hauchina basa
Usade kuregererwa, wadaidzwa
Chikasika iwe kuita basaro
Minda yatoibva vacheki vashoma
Farira kuita basa rake Tenzi
Usade kuregererwa
Kunengozi mukunonoka kuita basa rake
Uchinyengererwa neinzwi raTenzi
Jesu anemutsa uya uponeswe

# Pona mukati mangu

Jesu mamba wangu
Iwanyi mupinduro
Kumibvunzo yangu
Pona mukati mangu
Mutonge muzvese
Ini ndigopangidza
Vese mbiri yenyu
Muiri watopirwa
Usina chitema
Reganyi mbiri yenyu
Ipenye mukati
Pasi ngarinyarare
Muiri ugove
Muranda akativa
Anotumwa nemwi
Nenhengo dzavo dzese
Dziteerere ‘mwi
Dzagadzirira basa
Rabva kuna Tenzi
Dzorinda dzisingatyi
Kurwadza nekutya
Nekuzaridzwa neMwi
Nepfungwa dzenhando
Ndirinde nditerame
Ndisinga dzvongami
Ndokurindirayi
Kana murikundida
Pona mukati mangu
Jesu mambo wangu
Iwanyi mupinduro
Kumibvunzo yangu

# Tenzi ndipfuwe petyo nemwi

Ndigumbatirenyi
Petyopo mumaoko enyu
Ndinoda zororo

CHORUS
Petyo nerudo rwenyu, Ndipfuwenyi kumusoro
Petyo Petyo nerudo rwenyu, Ndipfuwe
kunemwi k’msoro
Tenzi ndipfuwe petyo nemwi
Ndisamusiyenyi
Ndofara mumawoko enyu
Handi-chapumhuki
Ndipfuwenyi nemweya wenyu
Ndifanane nemwi
Ndimutse ndisambe
Ndinatse dakara ndichene

# Kana ndina Jesu Ndinoenda kwese

Ndoenda kwese anotungamira
Kuti asipo handina rufaro
Kwese ndina Jesu handityi chiro

CHORUS
Kwese Kwese, Handizo tyiba
Kwese ndina Jesu handityi chiro
Kwese ndina Jesu handisi ndega
Kana vamwe vandisiya aneni
Kana nzira izere matambudzo
Kuti Jesu aneni ndinofara
Kwese ndina Jesu ndingararako
Apo dima repasi randibata
Ndinoziva kuti achandimutsa
Kwese ndina Jesu musha wofadza

# Famba mukupenya kwaTenzi

Kukutungamire Mweya unobva kudenga
Uno dzinga dima
CHORUS
Fa…mba mukupenya 3x
Famba mukupenya kwaMwari
Famba mukupenya kweidi
Kwemanzwi a Mwari
Mwenje unokutungamira
Mutendi wa Tenzi
Famba mukupenya kwake
Kana kunedima
Dima rotiza kupenya
Kwe zuva raMwari
Famba mukupenya
Uzive rudo rwake
Mwari Ukama hwedu mupasi
Huchanaka kumsoro

# Vacheki varipi vanocheka

Misumbu inochekwa kuminda
Nemajeko basa ngariitwe
Usamire dakara tapedza

CHORUS
Varipi vacheki, Ndiyani o'ya anotibatsira
Ndiani achatibatsira, kuunganidza iyi mwanda
Endanyi munzira mundotsvaka
Mbeu ingakure mune zvtse
Tswakai kwese musingasiyi
Unganidzai vese kumusha
Minda yaku ibva kwese kwese
Pasi rakamirira kuchekwa
Vacheki vashoma, basa iguru
Tikanonoka tinozoshaya
Vana vevanhu unzanyi majeko
Muvunganidze mbewu dzaTedzi
Batai basa Tenzi auye
Mozopiwa rufaro kuenga

# Ndirikufunga nekunaka kweNyika

Iyo ndichasvika kowira
Netsitsi ndichamira naMponesi
Ndichawa nenyeredzi here

CHORUS
Ndichawa nenyeredzi here chiremba
Mumanheru zuva rowira
Ndomuka ndaponeswa tove kumusha
Ndichava nenyeredzi here
Musimba raTenzi ndoda kunamata
Ndiwe semuwani wemweya
Nyeredzi yekupenya, ingawe yangu
Pamusi unotyisa kwazo
Ndichafara kuwona usu hwaJesu
Ndomupa rukudzo narini
Zvichandifadza mumusha wendarama
Kuti ndikawana nyeredzi

# Taura neni Jesu, neinzwi remutsa

Taura zvakanaka, hausari wega
Zarura mwoyo wangu, unzwe inzwi renyu
Mweya wangu um'kudze, nekumufarira

CHORUS
Taura nekupfawa'ro inzwi rerudo
Uchazoba mukundi unossununguka
Tenzi tauranyi zve, inzwi rekupfava
Chindiudzanyi kuti hausi wega
Taura nevana vako, uvatungamire
Vazadze nerufaro, vadzidze kurinda
Kuti nekuzvipira, tiwe vana vako
Umambo ngausvike tizoona Tenzi
Tauranyi sekare, ndionise nzira
Ndiite basa rangu, ndiite mutemo
Ndiite ndim'kudze nekumupa mbiri
Ndichabvuma kutumwa ndimuremekedze

# Tenzi handinamatiri zvamangwana

Mundibvise muchitema nhasi chete
Ndisazotaura inzwi renhandoba
Namayi muromo wangu, nhasi basi
Ndisewenze ndinamate kwazo Tenzi
Ndiwe nemutsa mumanzwi nemubasa
Ndisimbisenyi, kuita inzwi renyu
Ndide kuzvipira ini, nhasi basi
Kanazve nhasi upenyu hungapere
O ngandisimbiswe ini nemwi Tenzi
Saka, handinamatiri zvamangwana
Ndibatenyi, ndichengete, Tenzi nhasi,
Amen

## M’rindi nditaurire

Nekuyedza kweZioni
Zvioniso zvekuuya kwake
Zwaonwa here
M’fambi simuka ona
Kunze koda kuyedza
Zvipfekedze nguwo dzako
Kwaedza chimuka
M’rindi, ona kupenya
Kovhenekera zvese
Zvionso pasi rese
Manenj’ emusi m’kuru
Apo tsuri inorira
Kum’tsa vese vakafa
Kubva munyika ne nyanza,
Vapfeka kusaora
Murindi ona kupenya,
Kwegore reSabata
Vese vanodaidzira,
Umambo hwave petyo
Mufambi ndoona mbiri
Nyikayo yeKenani
Nemusha wakanakisa,
Wakakwirira kwazvo
Muguta’ro rendarama,
Pachigaro chopenya
Pana mambo akanaka
Otonga nyika yese
Umo mumakomo ayo,
Maranzi anopenya
Mumhendero menzizidzo
Munokura maruva
Murindi nyika yapetyo,
Michero nemaruva
O mhiriyo kunofadza
Mitiyo ye Edeni
Inzwa mavi anoimba
Owungira mumweya
Ne mazana anoimba
Tese tichazo vako

# Hakungavi kumakomo,

Kana ne munyanza
Kusiri mberi kwe hondo
Mwari achandida
Kana achidaidza neinzwi
Kunzira dziri kure
Ndichapindura ndichiti
Tenzi ndo’nda kwamunoda

CHORUS
Ndoenda komunoda’mi Mwari,
Kumakomo ne Mapani.;
Ndotaura zvamunoda imi’she,
Ndichaita zvamunoda
Kuda nhasi kune manzwi,
Anodiwa nashe
Kuda zvino kune m’fambi
Wandingano tsvaka
Tenzi kuti imi muneni,
Kana nzira yoipa
Ndichabvuma ndichizoti kwamuri
Ndoparidza zvamunoda
Kune kanzwimbo kaduku,
Mukukohwa munda
Pandingashandira imi,
Jesu akandifira
Ndosimbira zvese kunaye,
Ngekuti munondida
Ndoita nemwoyo wese
Ndichawa zvamunoda

# Manzwi akashata

Asabva mundimi dzangu
Kuti mwoyo wangu ini
Usamushatise imwi

CHORUS
Nagatidanane, adaro Tenzi
Vana itayi mutemo waTenzi
Ngatdanane, adaro Tenzi
Vana itayi m’temo wake
Rudorwo rwakaperera,
Ukama hunoyera
Rungakasika kuparadzwa
Nechiro chiduku
Manzwi ekushatirwa
Haanaki kutaura
Manzwi akaipa
Anoputsa upenyu hwese

# Anofamba achichema

Ane mbeu dzerudo
Asingarari pabasa
Anozopiwa tsitsi

CHORUS
Chichenjera iwe m’rimi, Mapfunde akuibva
Kwakusvika kupupura, Minda yese yaibva
Dova rinobva kudenga
Ropenyiswa nezuva
Uchazopiwa michero
Nemabasa matswene
Dyara chete usanete
Ubate usingatyi
Shinga usingatsamwiswi
Uchakohwa rufaro

# Kupura kwepasi kwaswedera

Tenzi anodana vacheki vake
Kure nepetyo mapfunde aibva
Aibva kuti apinzwe mudura

CHORUS
Swendedza musi, Takura mwanda
Swendedza musi, kumusha
Mangwanani asina kuchenaba
Arikukasika kuswedera
Mapfunde akaraswa muchitema
Ngaaunganidzwe nguva ichipo
Zvanaka kusevenza nerudo,
Tsime rakanaka rekudenga
Tokokwa tosundwa neurwu rudo
Runotipa michero yakawanda

# Tenzi ndinom’da kwazvo

Ndine ubofu ne’rombo
Nditungamire ndisimbe
Kunemwi kunesimba

CHORUS
Nguva dzese nguva dzese,
Tenzi ndinomudisisa;
Nguva dzese Nguva dzese,
M’ponesi ndichengete
Ndipfekedzenyi kupfava
Nguwo yangu yaipa
Ndidzidzise nekusimba
Ndokumbira kusimba
Nditungamire ndifare
Musipo ndoputsika
Fambanyi muneni kwese
Muri zvese kuneni
Handichatyi chinouya
Kufara kana nhamo
Mweya wangu unomuda
Munondi nunura

# Ndachengeterwa Jesu

Nesimba raMwari
Kusina zvakaipa
Kana ndina Jesu

CHORUS
Ndachengeterwa Jesu. Mwari ndinouya
Handidi Chiro! Chiro! Chiro! Imwi muri zvese
Ndachengeterwa Jesu,
Ndi’te zvamareva
Nezvamunoda imwi,
Kuita basa renyu
Ndachengeterwa Jesu,
Nomweya munyoro
Ndasiyana nenyika
Ndazvininipisa
Ndachengeterwa Jesu
Ini ndiri wenyu
Ndizove wenyu chose
Ndizove wenyu chete

# Ndine shamwari yangu

Yandinodisisisa
Anorudo rwakanaka
Anondida kwazvo
Handisaigara kure,
Ndoda ave petyo
Tichagara pamwepo
Iye, neni
Ndoziya nekuneta
Iye anoziva
Sezvo achindididaidza
Ndoda kubatsirwa
Anonditungamiririra
Nenzira’no penya
Zve tinofamba tese
Iye, neni
Ndomu’dza zvangu zvese
Rufaro ne nhamo
Ndom’dza zvinondifadza
Nezvisingafadzi
Anondiudza zvva’noda
Nekuyedza kwangu
Tichataura tese
Iye, neni
Anoziva ndinoda
Kubatsira mweya
Zvino anoti ndiende
Kunotaurira
Vamwe norudo rwake vo
Nokufa kwake zve
Tinobatira pamwe
Iye, neni

# Jesu unotungamira

Chinyi chandingatsvaka
Ndingashora mutsa wake
Achinditungamira
Ndinorunyararo rwake
Nokugara kwaari
Ndinoziva kuti Iye Jesu anobatsira
Ndinoziva kuti Iye Jesu anobatsira
Jesu anotungamira
Munzira dzangu dzose
Achindipa tsitsi dzake
Achindipa wupenyu
Kana nzira ichirema,
Kana ndava nenyota
Kune tsime rine mvura, Riri paDombo iri
Kune tsime rine mvura, Riri paDombo iri
Jesu anotungamira
O rudo rwake rwese
Ndichapiwa kuzorora
Mumba maBaba vangu
Kana ndoenda kudenga kwatisingavori
Urwu ndirwo rwiyo rwangu Jesu atungamira
Urwu ndirwo rwiyo rwangu Jesu atungamira

# Inzwa Jesu odaidza

Ndiani osewenza
Minda yese yatoibva
Ndiyani achakohwa
Tenzi anodaidzira
Achazokupa tuso
Ndiani achapindura
Ndiripano nditumei
Kana usingabiri nyanza
Kana kushumaira
Shumaira vahedheni
Vakakutenderedza
Kana usiri ngirosi
Kana usiri Pauro
Taura rudo rwaJesu
Uti akatifira
Kana usiri murindi
Parusvingo rweZioni
Uchinongedza kudenga
Kuno vapa upenyu
Neminamato nezvipo
Woita kuda kwake
Ungafanane naAroni
Kubatsira M’porofiti
Apo mweya iri kufa
Tenzi achidaidza
Usazoti neunyope
Handikwanisi basa
Ita basa ra’nokupa
Farira basa rake
Kasika kumupindura
Ndiripano nditumei

# Pamakumbo ake Jesu

Ndonzwa manzwi erudo
Nzwimbo iyo inokosha
Ndoida nguva dzose
Pamakumbo ake Jesu
Ndichaona zvekare
Rudo rwake runokosha
Rwapfuwa mwoyo wangu
Pamakumbo ake Jesu
Ndipo ndonoponeswa
Apo ndinosiya zvese
Nditore kuzorora
Pamakumbo ake Jesu
Ndonamata ndochema
Ndo gashira tsitsi dzake
Ndofara nguva dzese
Ndikomborerenyi Tenzi
Ndorinda pamakumbo
Ndiringisenyi nerudo
Ndione usu hwenyu
Ndipenyi pfungwa yaJesu
Kuti ndiyere saye
Kuti ndiwe neumbowo
Hwekuti ndina Jesu

# Ndomuda, ndomuda, ndomuda Tenzi

Ndomuda Imwizve Muponesi wangu
Ndomuda ndomuda Munozviziva
Mabasa angu ese anopangidza
Ndofara, ndofara, Ndoofaraini
Kufara kwangu kwese hakuperi
Ndorindira pfuma yangu ikoko
NaJesu, newese, Nengirosizve
O Jesu M’ponesi Mandiponesa
Upenyu neruponeso ngezvenyu
Ruri rwiyo rwangu nezita renyu
Ndinofarisisa nemutsa wenyu
Ndiyani wofanana nemwi Tenzi
Anonyemwerera Nekundida ini
Ndinozo mukudza, Nengoma dzese
Nenzizi dzemutsa dzinondifadza

# Dombo remakore,

Ndiwigenyi kunemwi
Rega mvura neropa,
Zvakabza parutivi
Ndibatsirenyiwo,
Mundibvise zvitema
Harisi basa rangu,
Ringamufadza imi
Kusi kudisa kwanga,
Kana kuchema kwangu
Zvese hazvindisambi,
Ndimi munoponesa
Handina chekumupa,
Ndouya kum’chinjiko
Ndinoda kupfekedzwa,
Ndinokumbira tsitsi
Ndotizira kutsime,
Ndisambenyi M’ponesi
Kuti ndava parufu,
Maziso ‘ngu apfigwa
Ndosvika nyika itsva,
Ndoona muchitanga
Muridombo rekare,
Ndiwigenyi kinemwi

# Nheyo yakasimba, Yakaiswa na iShe

Yakaiswa kutisimbisa isu isu
Hapana zvaanga ataura zve iye
Iye wakatizira kuna Muponesi
Iye wakatizira kuna Muponesi
Musatye ndine mwi, O musanete zvenyu
Nokuti ini ndiri, Mwari wenyu
Ndinopa masimba, okuti mugomira
Makabatwa nesimba, neruoko Rwangu
Makabatwa nesimba, neruoko Rwangu
Kana ndichifamba mumatambudziko
Mutsa wenyu wakawanda kwandiri'ni
Nomukati momurazvu womoto
Ini ndichakuchengeta usatya
Ini ndichakuchengeta usatya
Uyo unotsamira kuna Jesu
Haazombo kandwi kuvavengi
Nyangwe Satani achiedza sei
Iwe uchaponeswa na She, wesimba
Iwe uchaponeswa na She, wesimba

# Tenzi mufudzi handishayi ba

Anonditungamira zvakanaka
Onditungamira mumvura kwazvo
Ne mweya wapumhuka owuunza
Kana ndive mumubvuri worufu
Handityi kuti muchitungamira
Handizotyi kana bvute rekufa
Ngekuti imi Tenzi muneni
Imwi mawarira tafura rangu
Mazadza ndiro nezvikomborero
Musoro wangu mauzodza imwi
Chinyi ndokumbira, munazvo zvese
Kunaka nerudo zvinova neni
Nawo mazuva eupenyu hwangu
Ndozogara mumba make Jehova
Muupenyu hwake husingaperi

# Mudyi wenhaka ngenyi uchirara

Uchiwona musha wavepetyo
Muka umire upfeke chishangu
Chimbidza nguva yakupfuura
Ndidzi dzenyika dziri kunyongana
Dziri kubvunda kwazvo nekutya
Inzwa mzkumbo engoro dzobvunda
Mudyi wenhaka usanonoke
Usanyengedzwe nezviro zvenyika
Rufaro rwayo rwunopfuura
Siya ruchiva nepfuma yepasi
Mudyi wenhaka chisiya zvese

Misa musoro ziso ritarise
Uwone mbiri yaJesu mambo
Wona kupenya kwake kumakomo
Mudyi wenhaka imba ufare

# Musiki mambo wangu

Zvese ngezvenyu
Chipo chenyu ndiro
Tsime rezvikomborero
Chipo chenyu ndiro
Tsime rezvikomborero
Ini chisikwa chenyu
Kune zvipo zvenyu
Rukudzo rwangu harunga
Kwani zvipo zvenyu
Rukudzo rwangu harunga
Kwani zvipo zvenyu
Tenzi ndomupenyi
Zvese zviri zvenyuRudo rwenyu runoda
Mwoyo, chipo chiduku
Rudo rwenyu runoda
Mwoyo, chipo chiduku
Zadza mweya wangu
Nesimba remutsa
Manzwi nezvidiso zvangu
Zvese zvive zvenyu
Manzwi nezvidiso zvangu
Zvese zvive zvenyu

# Murindi wemuZioni,

Zvinoyavanguvai?
Hweva yoobuda here?
Kwava kuyedza here?
Tariro yako yava nokujeka?
Tariro yako yava nokujeka?
Miganhu yese yenyika,
Taipfuura here?
Tosvika here m’zororo?
Toona nyika here?
Toona here umambo hwa petyo?
Toona here umambo hwa petyo?
Kopenya zuva rabuda, Ngatida’dzire kwazvo;
Toona hweva yabuda, Ichipenyesa kwazvo
Vadairi ruponeso rwa’petyo
Farayi ruponeso rwa’petyo
Chiratidzo chaonesa,
Idi nyika ya’petyo
Pamberi ngati kasike,
Zororo rave petyo
Manzwi enyu ngaadaidze rufaro

# Tenzi kuzowa rini musati masvika

Mwoyo yedu yaneta nekumumirira
Yowa rini iyo nguwa inopenya kwazvo
Kupenya kwembiri nekuwonekwa kwenyu
Kozowa rini Tenzi mubude kumusha?
Matononoka Tenzi vamwe vadzokera
Tenzi vatendi venyu vazara nezvivi
Vashoma vakamira murufaro rwenyu
Mutsai vakarara, chemai vamuke
Vanoyera ngavati, Tenzi aswedera
Mwenje yedu ipfute zviunu zvisungwe
Vese vagadzirire kumuona Tenzi

# Ruda’ro rusingadzoki

Kana pane mhandu
Rusingabvundiswi
Mukushaya nenhamo
Rudairo rusingachemi
Kana runganetswe
Asi nguva yokutambura
Rodana Mwari
Rudairo runopenya
Kana mudambudzo
Kana munjodzi
Haruzotyi, nekupokana
Rusingatyiswi nepasi
Kana nekushorwa
Rusingazombonyudzwi
Munyanza yechitema
Ndipeny’urwu rudairo
Kana ko-uyeyi
Ndicharaira rufaro
Rusingaperi

## Runofadza rusimbiro,

Tichitambudzika
Runotipa simba m’nzira dzedu
dzenhamozve, dzenhamozve
Runonongedza kuzororo
Kuchatonga Jesu
Kwatichaona vadiwa, Tisingapatsani
Kwatichaona vadiwa, Tisingapatsani
Nyika isisna chitema,
Hina zviyedzo
Kune rufaro narini kusina kutsamwa
Kune rufaro narini kusina kutsamwa
Nyika isina masodzi,
Isinazve rufu
Vanopinda iyo nyika vovasengirosi
Vanopinda iyo nyika vovasengirosi
Kasika nguva kupera,
Timuone Tenzi
Timuone sezvo muri, Tisvike kumusha
Timuone sezvo muri, Tisvike kumusha

## Muponesi semufudzi,

Titungamirireyi
Murufaro tigutseyi,
Tigadzirire dengaKomborerwa Jesu wedu, Imwi makatitenga
Komborerwa Jesu wedu, Imwi makatitenga
Tirivenyu tifadzeyi,
Tichengete munzira
Tidzivirire chitema,
Titsvake tarasika
Komborerwa Jesu wedu, Tinzwe tichinamata
Komborerwa Jesu wedu, Tinzwe tichinamata
Matsidza kutigashira,
Kana takanyangadza
Mune tsitsi munengoni,
Dzekuti sunungura
Komborerwa Jesu wedu, Tichadzoka kwamuri
Komborerwa Jesu wedu, Tichadzoka kwamuri

## Rukariro rwedi

Rwaka komborerwa
Rwusina newara irwo
Rufaro rwenyika
Iriko nyeredzi
Inodzinga dima
Yatumira kufukidza
Inokunda guva
Inzwi rerufaro
Rinosimudzira
Rorasa zvese nekutya
Roti mwari rudo
Inzwi reKalvari
Roti Wanunurwa
Nyeredzi'yo yekupenya
Tariro yedenga

# M’nyika isingaperi,

Mune guta dzwene
Haizombopfuuri
Hakuna usiku

CHORUS
Mwari achapukuta, Masodzi avo vese
Hakuna kutya nerufo, Hakuna usiku
Mazambara ‘nokosha
Muneguta dzvene
Nzira ngedze ndarama
Hakuna usiku
Mazambara Ha’pfigwi
Mune guta dzvene
Nzira ngedze ndarama
Hakuna usiku
Zuva harizopenyi
Mumusha mutsvene
Nyenye ndiyo kupenya
Hakuna usiku

## Angave mangwanani zuva robuda

Apo kupenya kwave kudzinga dima
Apo Jesu anowuya nembiri
Nemakore kutora vake
CHORUS
O Jesu ndirini rini, Tisati taimba
Anouya Hariruya! Hariruya! Amen
Hariruya! Amen
Angave masikati kana manheru
Zvimwe pangave pakati peusiku
Ku'ye kujeka wembiri yake Tenzi
Owuya kutora vake
Apo masangano odana Hosana
Anodzika nevatsvene nengirosi
Anetsitsi pahuma yake nembiri
Jesu ogashira vake
O rufaroyi! Uko kusina kufa,
Nekurwara, nekusuwa nekuchema
Tozokumbana naTenzi kumakore
Owuya kuzotora vake

# Warindira here m’kwambo ouya ouya

Warindira here m’kwambo ouya ouya
Ona ouya Ona ouya
Pfeka urindire m’kwambo o’ya
CHORUS
Ona mukwambo ouya, ouya
Ona mukwambo ouya, ouya
Ona ouya, Ona ouya!
Pfeka urinde mukwambo o’ya
Mwenje yenyu ngaipfute ouya, ouya
Mwenje yenyu ngaipfute ouya, ouyA
Ona anouya nekukasika
O mweya rinda m’kwambo ouya
Tese tichazondo muchingamidza, ouya
Tese tichazondo muchingamidza, ouya
Idi ouya, idi ouya
Tinozomuchingamidza ouya
Tichaimba Hareruya ouya
Tichaimba Hareruya ouya
Ona ouya, Ona ouya
Imba Hareruya m’kwambo o’ya

# Hat’zivi nguva Iyo Tenzi anouya

Zvioneso zvekuuya zvotaura
Apo ouya tozofara zvikuru
Hatizivi nguva

CHORUS
Owuya... ngatirinde titende
Owuya... Hariruya! Hariruya!
Owuya nembiri yababa mumakore
Hatizivi nguva
Wane kupenya wanoda ruponeso
Kune idi muzvinyorwa zvake
Zvioniso zvinoti achauya zve
Hatizivi nguva
Ngatirindire nemwenje inopfuta
Tozo sebenza dakara Tenzi auye
Toimba nekufarira uyo musi
Hatizivi nguva

# Hatizivi nguvapo Jesu

Achauya pasi pano
Zvimwe pamanheru usiku
Kana mangwanani kwavo
Atitaurira tirinde
Ne mwenje yagadzirirwa
Kuti Jesu achationa
Tiri kum'rindira Iye

CHORUS
Tikumirira Nekurindira,
Tikumirira, Tichiri kukurindira
Ndinotondera mutsa wake
Kuti wakatiponesa
Wakasiya imba dzembiri
Kuwuya kuzotifira
Ndinofunga kuti afadzwa
Apo isu vanhu vake
Tofara mukuwuya kwake
Nekumurindira Iye
O, Jesu muponesi wangu
Ndinosimbira kunemwi
Kuti apo munozowuya
Munozondi chingamidza
Zvimwe vamwe vachakutiza
Sezvo ngewawo Mutongi
Ini ndinokuchingamidza
Nekukurindira Imwi

# Kuyedza kunosvika

Jesu anouya
Kuti azotora vana vake
Vaende kumusha

CHORUS
Toona musi unopenya, unovheneka usiku
Aya maranzi anopenya ano wonekwa
Rinozaraurwa vhangeri
Mupasi iri rese
Haanonoki mukwambo
Pakurira tsuri
Dzinomuperekedza kwazvo
Idzo’ngirosi
Apo anozotora vake
Kopera urombo
Vakafa vedu vekare
Tichazovavona
Masodzi ekuchemerana
Achazo pukutwa

# Chitsidzo chake, Kuwadawiri

Ona ndouya, Kugashira vangu
Batisisanyi, njodzi huru
Musazorareba, Rinda namata

CHORUSBatisisanyi!, Chitsidzo chake
Umambo hwake hwopiwa imwi
Pinda mu’faro, Mutonge neni
M’chapiwa zviremba, Mira murinde
Tomurindira mwenje ‘chipfuta
Anouya sembava pausiku
Zvino apetyo, Hatizi’ musi
Miti yootunga, zhizha rapetyo
Tariro iri painzwi rake
Kuonekwa kwaTenzi wedu
Chitsidzo ichi, chopinda zvose
Ona ndinouya, batisisayi

# Farai Tenzi owuya! Mugashire mwese

Mugadziririrenyi nzwimbo
Mwese mumukudze
Mwese mumukudze
Mukudze, mwese mukudze
Farai Tenzi otonga, Mukudzenyi vanhu
Apo minda nematombo
Zvichikudza mambo
Zvichikudza mamboZvichikudza kudza mambo
Achazotonga nemutsa, Ndidzi dzioneswe
Mdir’ ekururama Kwake
Rudo rwoshamisa, Rudo rwoshamisa
Rwoshamisa rudo Rwake

# Tinotaura nenyika

Yakanaka inopenya
Nyika iyo yakanaka
Zvofadza sei kuwayo
Nenzira dzine ndarama
Nemadziro anopenya
Kunoshamisa, zvofadza sei
Kwayo naTenzi
Hakuna zvitema uko
Neurombo nekuedzwa
Iko kusina zviedzo
Zvofadza seyi kuwayo
Tino taura nerudo
Nenhumbi dzinopfekwayo
Sangano dzwene ririko
Zvofadza senyi kuwayo
Nomukati mezviedzo
Ndogadzirira kudenga
Ndichazozviziva ini
Ndozonzwa senyi kuwayo
Tichafamba muminda’yo
Munembiri yakanaka
Newatswene nengirosi
NaJesu achazowayo

# Tenzi taungana

Muno mumba yenyu
Uyanyowo zwotapinda
Mumba yenyu tswene
Iyo mwoyo yedu
Inokuchemera
Nawo mweya wedu uyu
Unokuchemera
Kukudza kwenyu
Baba tinokunzwa
Kuzarurwa inzwi renyu
Nemwi timunzweyi
Mutigadzirire
Isu vanhu venyu
Kana tichifa tidzoke
Muvu iro renyu

# Tenzi ndinomuimbiranyizve

Pamwe rwiyorwo rwekupatsana
Tomukudza tichimunamata
Torindirazve norunyararo
Tipenyi runyararo munzira
Timuke tindorare tinemwi
Muchengete miromo mwoyo
Yamunamatanyi mumba muno
Tipeyi runyararo muupenyu
Muve chidziviriro munjodzi
Apo muchapedza matambudzo
Tenzi tidane kurunyararo

## Kana ndiri mutadzi, Jesu wakandifira,

Wakafa kuti ini ndichagara kudenga.
Senhawani pamuti, ndinopona naJesu.
A, rudo-rwo rwaJesu, runopinda pamsoro.
Runodzama senyanza, runogara narini.
Rudo rwakandi-ona apo ndiri-kusada.
Kana ndirimutadzi, ndirikumuda Jesu,
Kuda kwangu aziwa, zve neurombo hwangu.
Ne-upenyu ne-mwoyo Jesu anochengeta.

# Hatina musha panyika

Hatifari kuva pano
Zvinofadza mweya yedu
Kutswaka musha unowuya
Kutswaka musha unowuya
Hatina musha panyika
Tinoda musha 'rikure
Zita rawo Izioni
Unopenya nguva dzose
Unopenya nguva dzose
Musha une runyararo
Vafambi vachazorora
Da ndine mapapiro
Ndayiuya ndizorore
Ndayiuya ndizorore
Mweya wangu chinyarara!
Mwari anoziva nguva
Ndichaita kuda kwake
Iye ondipa zororo
Iye ondipa zororo

# Tora zita rake Jesu

Iwe mwana wenhamo
Rinozokupa zororo
Tora ufambe naro
CHORUS
Zita ri... nokosha
Rinotipa rufaro
Zita ri...nokosha
Rinotipa rufaro
Tora zita rake Jesu
Riwe chidziwiriro
Kana wave muzviyedzo
Ridane mum'namato
Tora zita rake Jesu,
Rinofadza mumwoyo
Apo achitigashira,
Tichazomuimbira
Tichapfugamira Jesu
Towa pamberi pake
Tomupfekedza chirenba
Tapedza rwendo rwedu

## Jesu ndewangu Ndofara sei! Ndoraura mbiri Yekudenga;

Mudyi wenhaka ndakatengwa, Ndasambwa muropa reNyenye.
CHORUS
Ndiyo nyaya-nerwiyo rwangu, Kukudza Tenzi zuva rese,
Ndiyo nyaya-nerwiyo rwangu, Kukudza Tenzi zuva rese.
Ndinozvipira, nekufara, Zvno ndowona rufaro rwangu.
Ngirosi dzino-dzika pasi, Dzounza rudo netsitsi zve.
Ndinozvipira, ndozorora; Ndinofara ku-na Muponesi,
Ndakarindira, Ndamirira, Ndazadzwa ne-ku-naka kwake.

## Pam’chinjiko Akatifira, Akatichenura zvitema,

Ropa rake rikawerera, Mbiri kuna’ye

CHORUS
Mbiri kuna’ye, Mbiri kuna’ye,
Ropa rake rakati-samba Mbiri kuna’ye
Ruponeso runoshamisa, Jesu ari kugara neni;
Pam’chinjiko akanditora, Mbiri kuna’ye.
Tsime rinobvisa zvitema, Ndinofara ndawa mariri;
Umo Jesu andichenura, Mbiri kuna’ye.
Uya kutsime rakanaka, Zviunze kuna Muponesi;
Pindamo nhasi uperere Mbiri kuna’ye

## Unoda kuraramira Jesu vohere? Ungafamba naye here panzira?

Ungamupe here yese mitoro yako? Bvumira kuda kwake.

CHORUS
Masmb' Ake angakupindura, Ropa rake rino sunungura,
Ropa rake rinokuchenura; Mwoyo, nekuzokusunungura.
Unoda kusunungurwa na Jesu here? Unoda runyararo rwake here?
Unoda kuponiswa usazo putsike? Bvumira kuda kwake.
Unoda zororo muvushe hwake here? Ungedza simba rakevo here?
Ungamushandira nemwoyo wese here? Bvumira kuda kwake.

# Kunonaka kwese nerudo kumusha,

Rufaro ruwande nerudo kumusha,
Runyararo rurimo, nekunzwana kwese’ko,
Zvese zvinofanzwa nerudo kumusha.

CHORUS
Nerudo, kumusha. Zvese zvinofadzwa nerudo kumusha.
Varombo vatuswa nerudo kumusha,
Vapfumi vokwira nerudo kumusha,
Kamusha kanofadza, neguta revamambo,
Kwese kunonaka nerudo kumusha.
Mwari anofara nerudo kumusha;
Kudenga kwake kune rudo kumusha;
Apo Jesu owuya kutitora kumusha,
Tichafara tese nerudo kumusha.
Ndinova waJesu nerudo kumusha
Kufa kwake kwakapa, rudo kumusha.
Ndinozorora ndisi ngatyizwe zwechitema
Ticha komborerwa nerudo kumusha.

## Ndinoda rimi remoto,

Rakapenyera vatsvene;
Rakaita vade denga,
Nekushinga mudambudzo!
Uripiko mweya Tenzi,
Wakashingisa Abrama;
Wakapfawisa Pauro,
Wamupa simba redenga.
Simba makapa Erija,
Harichipo here nhasi;
Rakapenyesa Mozisi,
Rapa Jobo rukuriro,
Tenzi tonderayi kare,
Mutipenyi tsitsi itswa;
Apo tomupanyi mwoyo,
Tidireyi mweya wenyu.

# Ungasununguke muchitema? Riripo simba mumaropa;

Ungakurire here chitema? Riripo simba muropa.

CHORUS
Kune simba rinoshamisa, Muropa reNyenye…
Kune simba rinoshamisa, Mumaropa'wo eNyennye.
Ungasununguke mukuchiwa? Riripo simba, mumaropa
Uya paKalvari unochena Riripo simba muropa.
Munoda kucheneswa sechando Riripo simba, mumaropa,
Mavara asambwa neroparo Riripo simba muropa.
Munoda here kumushandira! Riripo simba mumaropa;
Unoda kuimba nekukudza; Riripo simba muropa.

# Hakuna zve dima Jes’ owuya; Hakuna zve dima Jes’ owuya

Hakuna zve dima Jes’ owuya, Kuzotora vake’vo.

CHORUS
O tora vake kum’sha, O tora vake kum’sha,
Hakuna zve dima Jes’ owuya Kuzotora vakevo.
Hakuna kusuwa Jes’ owuya; Hakuna kusuwa Jes’ owuya,
Hakuna kusuwa Jes’ owuya; Kuzotora vakevo
Hakuna kuchema Jes’ owuya; Hakuna kuchema Jes’ owuya,
Hakuna kuchema Jes’ owuya; Kuzotora vakevo
Vachaimba rwiyo Jes’ owuya; Dzekuchingamidza Jes’ owuya,
Vachafara pamwe Jes’ owuya Kuzotora vakevo.

# Shamwari kwayo ndi Jesu

Kana uri mumadambudzo
Ucharapa mwoyo zve, Uchakupa masimba
O hama yeidi ndiJesu

CHORUS
Hama yeidi ndiJesu, Hama yeidi ndiJesu
Anozokusimbisa, Anonzwa wodaidza
O hama yeidi ndiJesu
Hama yandawana ndiye Jesu!
Achaunza runyararovo
Kutsamira kwaari, Handichazotyi chiro
O hama yeidi ndiJesu
Kana ndifambe muurombo
Nemuchando chemuJordani
Handizombotyi chiro, Muponesi aripo
O hama yeidi ndiJesu
Kana tovungana kumusha,
Nevadaviri vari mberi
Tichaimba parwizi, Tichamukudza Tenzi
O hama yeidi ndiJesu

# Mbiri kuna Mwari nezva’kaita

Wakada pasi Wakapa M’rumbwana
Wakafira izvo zvitema zvedu
Wazarura m’siwo tipinde tese

CHORUS
Kudzayi M’ponesi, Pasi ngarimunzwe
Kudzayi M’ponesi, Vanhu ngavafare
Uyai kuna Baba neMurumbwana
Mumupenyi mbiri Nezv’Akaita
O ruponeso rwatenga ropa
Chitsidzo chaMwari kuvadaviri
Munyangadzi m’kuru anodaira
Jesu anosunungura ipapo
Zvikuru waita wazvidzikisira
Tofara zvikuru nayeM’rumbwana
Asi kushama nekufamba kwedu
Kunokura apo taona Jesu

# M’tsvene, M’tsvene, M’tsvene

Mwari Samasimba
Tinomuimbira pamangwani ese
M’tsvene, M’tsvene, M’tsvene
Mune nyasha huru
Umwe mitatu pamwe chetezwe
M’tsvene, M’tsvene, M’tsvene
Vose vanodaro
Vakapfugamira Imwi Mwari wedu
M’tsvene, M’tsvene, M’tsvene
Vachimunamata
Makaperera simba nerudo
M’tsvene, M’tsvene, M’tsvene
Hamuvonwi Imwi
Mbiri yenyu huru haivonekwiba
M’tsvene, M’tsvene, M’tsvene
Ndimwi M’tsvene mega
Makarurama nekunakazve

# Ndakarwanziwa Jehova atsamwa

Zvitema zvakandipfuwira pasi
Ndakachema ndiri'mo mumatope
Tenzi akandiburitsa kunzezwe
CHORUS
A'ndiburitsa mumatope,
Andimisa ini padombo
Nhasi andipa rwiyo m'mwoyo,
Rwekukudza, hareruya

A'ndimisa padombo petyo naye
Matsiko angu asimbiswa pano
Handizomboputsiki ndiripano
Ndomirira ndizopfeka chiremba
A'ndipa rwiyo, rutswa rwerukudzo
Ndoruimba usiku nesikati
Mwoyo wangu wazara nerufaro,
Ndichazokudza mununuri wangu
Ndichaimba tsitsi dzake kuneni
Zve nekunaka kwake kune vese
Ndichazoimba ruponeso kwese
Dakara vese vasimbire Mwari

# Tenzi nditungamire,

Mukati mezviyedzo
Mananda andi bata,
Ndimwi dombo ndiwige
Ndimi mutungamiri,
Tenzi nditungamire
Semwana onyaradzwa,
Munga nyaradze, nyanza;
Mananda anomudzwa,
Kana mati nyarara!;
Imwi Tenzi wenyanza,
Tenzi nditungamire
Apo ndasvika nyanza,
Mananda ondityisa
Handichinazororo,
Ndotsamira kunemi
Ngandinzwe imimoti,
Ndinokutungamira

# Paradza soko, kune munhu wese

Kana kuneawo, wakasungwa mwoyo
Ndimi dzewatendi, ngadzidaidzire
Munyaradz’ awuya

CHORUS
Munyaradz’ awuya, Munyaradz’ awuya
Mudzimu mutswene, chitsidzo chababa
Paradzira soko kune munhu wese
Munyaradz’ awuya
Usiku hwapera, zuva rinobuda
Ronyaradza mhere, nekutya kwewese
Muma komo ese zuva rakasika
Munyaradz’ wauya
Mambo wewa mambo,Murapi mukuru
Ipa rusununguko wabatwa wese
Nemumatirongo, rwiyo ngarwunzwikwe
Munyaradz’ awuya
Rudo runoyera, handingakwanisi
Kuti nditaure, tsitsi dzinoyera
Ini munyaradzi, ndiwe nekupenya
Munyaradz’ awuya!
Rega maungira, akwire kudenga
Watswene wedenga, wachipindurawo
Mukuimba rudo rwake rusingafii
Munyaradz’ awuya

# Munyika mauri urimufambi

Inzwa wodaidzwa Mwana! Wangu

CHORUS
Uya! M'fambi uya! Uya kumusha!
Wakapumhuka kure, uya kumusha
Kunyika yenzara, Ibva kwairi
Uya kurufaro, Mwana wangu!
Nyika yemirenga, wongwarira iwe
Waneta momwoyo, mwana wangu
M'siwo wakashama, uchiri wangu!
Ndichirikukuda mwana wangu
Wapumhuka kure, woenda mberi?
Dzok' usunungurwe, mwana wangu!
Kudya kwagadzirwa, unodikanwa!
Uya kuzororo, mwana wangu!
Hauna shamwari, kana nemusha
Ndichirikukuda, mwana wangu!

# Jesu anodana mutadzi uya!

Tichiri kunamata mtadzi uya
Ichiri nguva yako mtadzi uya
Nguva yekumuziva, m'tadzi uya
Wakaremerwa here, mutadzi uya!
Jesu anokubatsira m'tadzi uya!
Jesu haakunyengedzi, M'tadzi uya!
Jesu anokununura m'tadzi uya
Inzwa onyengerera, m'tadzi uya!
Uya uzokomborerwa, m'tadzi uuya!
Jesu achizeweza, m'tadzi uya!
Tichikunamatira, mutadzi uya

# Ini ndakufira, Nda’paradza ropa

Kuti utengiwe, Upiwe upenyu
Ini ndakakufirazve, Iwe wandipenyi?
Ini ndakakufirazve, Iwe wandipenyi?
Ndakasiya umba, Yababa yembiri
Ndakauya pasi, redima nenhamo
Ndakazvisiira iwe, Wakandisiirenyi?
Ndakazvisiira iwe, Wakandisiirenyi?
Ndakatambudzika, zvinorwadza kwazvo
Pamusana pako, kuti ununurwe?
Ndakazvitakurira’we, Wanditakuririrei?
Ndakazvitakurira’we, Wanditakuririrei?

# Ndakamuona pamuti,

M’kurwadzwa neropa
Akanditarisa ini
Ndakamira petyo
Ini handizokanganwi
Kutarisa kwake
Kwakati afira ini
Iye anyerere
A’tarisazwe akati,
Ndok’regerera
Ropa rapararira’we,
Ndafa kut’upone
Rufo rwenyu rwapangidza
Kuipa kwangu
Kuwandikai kwe tsitsi,
Dzinosunungura

## Nyararai, nyararai, Kunozewezwa

Nyararai, nyararai, Tererai inzwi

CHORUS
Fambanyi zvinyoro, Tenzi arimo;
(Fambai zvinyoro-nyoro)
Fambanyi zvinyoro, Ngatiswedere
(Fambai zvinyoro-nyoro)
Nyararai, nyararai, nzvimbo itswene
Iyi Altar younza, Soko zwe
Nyararai, nyararai, muchinamata
Tonzwa nezve Eden, neino nguva
Nyararai, nyararai, Tarisa tsitsi
Nyararai, nyararai, Rindira Tenzi

# Kufamba pamwe naMwari

Kufamba kwek'denga
Murimwenje unopenya
M'nzira yekudenga
Dzika njiva inoyera
M'tumwi wakanaka
Ndinochiwenga chitema
Cha'mubvisa k'neni
Ndakafara m'urunyararo
Ndichikutondera!
Ndasara ndisina chiro
Pasi harindipi
Ndibatsire kukurira
Zvinondifadzazvo
Ngandizvikurire ndinamate
Imwi chete

# Tenzi akatichenura

Tenzi anoshamisa
Takanunurwa nem’tengo!
Tenzi anoshamisa!

CHORUS
Jesu wangu Muponesi anoshamisa! Jesu wangu Muponesi anoshamisa!
Ndom’tenda neropa rake
Tenzi anoshamisa!
Randidzosa kuna Mwari
Tenzi anoshamisa!
Akasamba mwoyo wangu
Tenzi anoshamisa!
Zvino arikutonga’mo
Tenzi anoshamisa!
Ofamba neni munzira
Tenzi anoshamisa!
Anondichengeta
Iye Tenzi anoshamisa!
Anoti ndikurire
Tenzi anoshamisa!
Ndikurire nguva dzese
Tenzi anoshamisa!
Ndinomupa mwoyo wese
Tenzi anoshamisa!
Pasi harina rutivi
Tenzi anoshamisa!

## "Zvouya zvikomborero",

Ndicho chitsidzo chake
Kuchazotumirwa mutsa
Kuna M'ponesi

CHORUS
Zvikomborero zvikomborero zvedu
(Zvikomborero zvedu)
Unotidonhera mutsa, Toda zvikomborero
"Zvouya zvikomborero",
Zvinotimutsira zve
Pamakomo nemikana,
Sekunaya kwemvura
Zvouya zvikomborero
Titumirenyi Tenzi
Tipenyizve mweya mutsva
Kudzanyi inzwi renyu
Zvouya zvikomborero
Dayi zvauya nhasi
Kuna Mwari Tinobvuma
Jesu tisambe zvino!

# Kuno'ya kumwoyo wangu

Rwiyo rwekufara kwazvo
Ndinoramba ndichiruimba
Runyararo rwaMwari

CHORUS
Runyararo chipocho chekudenga
Runyararo rwoshamisa
Rwuri chipo chaMwari
Rwakapiwa naye Kristu
Wandiripira mungava
Hakunazve imwe nheyo
Runyararo rwaMwari
Apo ndamupa chiremba
Mwoyo unerunyararo
Ndawana chikomborero
Runyararo rwaMwari
Runyararo kuna Jesu
Sezvo ndiri petyo naye
Basi pane runyararo
Runyararo rwaMwari

# Jesu M’nunuri wangu

Muri rwiyo rwangu
M’ponesi munyaradzi
Mumatambudziko

CHORUS
Jesu m’mununuri wangu, muri rwiyo rwangu
Handina imwe hama inopinda imwi
Muri chishangu changu
Muupenyu hwese
Kana ndava mudima
Apo ndinochema
Tenzi ndomusimbira
Shamwari yeidi
Ndinomuda kupinda
Vanhu vese pasi
Muri rufaro rwangu
Mupasi redima
Ndofara nemwi kwazvo
Mudangaro renyu

# Jesu anehanya here

Mwoyo wangu woda rwiyo
Apo ndakuremerwa ndasuwa
Nenzira yokunetesa?

CHORUS
Hunde, ane hanya neni,
Anzwa urombo hwangu
Apo misi yareba usiku hworebesa
Tenzi aneni
Jesu ane hanya here
Apo nzira ine dima?
Apo zuva radoka, hwa’siku
Anozova petyo here
Jesu ane hanya ndotadza
Kumirira zviyedzo?
Handina zororo mudambudzo
Kana ndichichema seyi?
Jesu ane hanya apondoti
Vadiwa sarayi?
Mwoyo worwadza nekutsemuka
Ichi chiro here kwa’ri

# Musha unosimbirwayo

Umo musina urombo
Hunde, wakakomborerwa
Tozorora tese umo

CHORUS
Rinda, rinda wakatiwira,
(rindira)
Rinda, rinda wakatiwira,
(rindira)
Rinda, rinda usingashori
(Rindira) (rindira) (usashore)
Kuti mutoro warema
Uyo wapiwa namwari
Musha uyo unodisa
Rinda, rinda usashore
Kuti nzira inemhinzwa
Funga akayitakura
Kuti mwoyo watambudzwa,
NaIye wakatambudzwa.
Ramba wakatsungirira
Usarege kunamata
Kuzorora kwaswedera
Rinda, rinda usashore

# Handisiri ndega kwete ndina Jesu

Anondifadza ini, nokuti aneni
Handizoshayi shamwari ndina Jesu
Ini ndinopinduka, Iye haapinduki

CHORUS
Handisiri ndega ndina Jesu
Watsidza kusandis’ya
Kundisiya ini ndega, ini ndega
Handineti, kwete, ndakamutsamira
Mweya wangu wofara, kuzorora kwa’ri
Handi zvibatsiri, kuti ndiri ndega
Asi ndinaye Jesu, akandichengeta
Hunde ndarindira, Ati ndirindire
Ndashama kuti Tenzi ngenyi Anonoka
Hunde ndinofara Rufaro rukuru
Ndine nheyo yeidi, Iri Tenzi wangu

# Tenzi rudo rwenyu makandipa

Tenzi ndisamunyime nechiro
Nerudo ndim'kudze, ndizadze chitsidzo
Ndomuunziranyi chipo zvino
Pachigaro chem'tsa mondimirira
Ndomutarisa murudairo
Ndibatsire kutakura muchinjiko
Rwiyo munamato Ndomupanyi
Ndipenyi mwoyo, Unodairika
Kuti zuwa rese rizoona
Mabasa erudo nemamwe emutsa
M'pumhuki awanwa zvekunemwi
Zvipozvo ndinazvo, Ndinozviunza
Kunemwi Tenzi, kana zvidini
Kana ndamuona, Mweya wangu
Uchazofara narini, Nemwi Tenzi

# Sangano rinenheyo, Iri Tenzi Jesu

Rakasikwazve Nemvura neizwi Rake
Wadzike kudenga woriita mutsvitsa
Wakaritenga neropa nekurifira
Daidza ndudzi dzese, Sangano ngerimwe
Sungo yeruponeso naTenzi umwezve
Zita rimwe, tendo rimwe, Kubarwa kumwe
Rine tariro imwe, rine tsitsi dzese
Kana richitambudzwa, Vanhu vachishama
Kana richiparadzwa, Padombo pariri
Asi vadairi vachema, Kowarini
Nekukasika kuchema kuchazopera
Mukati mezviyedzo, Mukati mehondo
Sangano rorindira, Rugare narini
Rinozokomboorerwa, Nembiri narini
Sangano rokurira, rowa nezororo

# Nditungamire Jehova

Ndiri mfambi munyika
Munesimba, handinaba
Ndinokumbira imwi
O Mponesi!, O Mponesi!
Ndimwi munotigutsa Ndimwi munotigutsa
Iro tsime reupenyu
Rizarurireny’ ini
Munditungamirirenyi
Negore renyu dzvene
O, M’ponesi!, O M’ponesi!
Chiwayi simba rangu Chiwayi simba rangu
Kuti ndaswika Jor’dani
Bvisayi kutya kwangu
Muzondiperekedzenyi,
Mundisvitse Kenani
O, M’ponesi!, O M’ponesi!
Ndinozomukudzayi Ndinozo mukudzayi

# Kumusha! O kumusha!, Kwakasununguka!

Hakuna usiku, Mangwanani basi
Ndinoda uyo musha, Ndinouchemera
Musha usina kurwadza wondoda kusvika
Musha usina kurwadza wondoda kusvika
Tenzi ari kumusha, Nengirosi dzake
Hakuna chitemayo, Kana nezviyedzo
Nzwiyo dzekumusha'yo ndodzinzwa munzebe
Kuti ndofunga nemusha, Ndinobva ndachema
Kuti ndofunga nemusha, Ndinobva ndachema
Vagari vekumusha, Vanondidaidza
Urombozve nerufo hazvisopindimo
O nyika inodiwa!, Iri kumusosro!
Kristu tiunze kumusha werudorwo rwenyu
Kristu tiunze kumusha werudorwo rwenyu

## Kana njiva-ichirira-Zvotipa chiko-mborero

(Kananjiva) (ichirira) (zvotipachi) (komborero)
Zvinondifu-ngidzamusha-wakanaka we Garire
(zvindindifu) (ngidzamusha) (wakanaka) (weGarire)
Chrous
O Garire rakanaka iroJesu ayidisa,
O Garire rakanaka Uya undi imbirezve
Mukana-unemaruva-Kune shiri-dzinoimba
(Mumukana) (wemaruva) (kuneshiri) (dzinoimba)
Dzichikudza Mwari wadzo, Petyo nairo Garire
(Dzichikudza) (Mwari wadzo) (Petyo petyo) (neGarire)
Kana ndichi-verengazve-Naiyewa-kandifira
(ndoverenga) (ndoverenga) (naiyeyo) (vakandifira)
Ndinodisa kutewera Akange ari Garire
(Ndinodisa) kuwera (akangea) (rigarire)

# Ndachengetwa na Jesu, pachipfuwa chake,

Rudo rwakaparadzwa, Mweya wozorora,
Tereranyi ngirosi, Dzoimba kwandiri,
Mumundawo wembiri, Munyanza inokosha.

CHORUS
Ndachengetwa na Jesu, Pachipfuwa chake,
Ropa rakaparadzwa, Mweya wozororo.
Ndachengetwa naJesu, Kubva mudambudzo,
Nezviyedzo zvepasi, Handityi chitema,
Ndabviswa mukusuwa, Nemukutya kwese.
Asara matambudzo, nemasodzi mashoma.
Jesu, bako remwoyo, Iye andifira;
Dombo iro rekare, Ndosimbira imi
Ndomira ndakatiwa, Dima ripfuure;
Ndomirira dakara, Zuva ritirobuda.

## Ndanzwa Tenzi wandidana, Neinzwi rakanyorwa;

Aya manzwi ndinoanzwa, Uya Undi-tewe-re ini.

CHORUS
Ndinotora muchinjiko, Ndichimuteera Tenzi;
Kwese ndinomutevera, Ndinofamba, naye Munzira.
Kana nzira inedima, Makumbo angu anete,
Asi mwoyo unofara, Ndichimutevera minzira.
Jesu munditungamire, Mundipe rujeko rwenyu,
Mundishingise netsitsi, Ndichimutevera munzira.
Mugwenga nditungamire, Ndipe mana yekudenga,
Ndinomuda nguva dzese, Ndichimutevera munzira.
Ndipinzei mumwoyo menyu, Ndigumbatirenyi Tenzi,
Netsitsi ndisimudzeyi, Ndichikutevera munzira.

## Maranzi emutsa wababa, Anobva kumba yake,

Asi otichengetesa, mwenje mupasi rino.

CHORUS
Rega mwenje yeny’-ipenye, ipenyere munyanza!
Zvimwe pan’-anyura m’nyanza
Uyo mungaponese
Pasi razara nedima, mananda otinhira;
Vazhinji vakarindira, kuona mwenje yedu.
Pfutisanyi mwenje hama! vamwe varimudima,
Varikuyedza mudima, Kusvika kumagumo.

# MuKristu muka! Tenzi akutuma;

Nenhowo nemu-nondo mumaoko,
Enda, sangana nemuedzi shinga,
Mira segamba, utarise mhandu.

CHORUS
Iwa gamba, Iwa gamba, Iwa gamba,
Utarise mhandu.
Kana mungozi, chenjera ngwarira,
Usadzokere, Hakuna chishangu;
Wakani wedima, Ungawakunde,
Mira segamba, utarise mhandu.
Basa raTenzi dziwira nesimba;
Rinda udise, urwe kumagumo;
Kwa anokutuma, enda kasika,
Mira segamba utarise mhandu.
Enda usatye, tenzi ari petyo,
Anopa tsitsi, nekukunyaradza;
Rudo rwake sekarwizi mugwenga;
Mira segamba, utarise mhandu.

## Ndanga ndoda; kuva m’dairi,

Ndanga ndoda, kuva MuKristu,
Wakaipa oti; Enda hako Mweya,
Ne umwezve, musi uchauya.
Wange wo’da; Uya nhasizve;
Wange wo’da; Usa dzokeba,
Jesu odaidza, ngirosi dza’petyo,
Wonamatirwa, mufambi uya.
Wange wo’da; wononokazve;
Wange wo’da; Asi wasara,
Hazvikubatsiri, iwe wazoraswa!
Zvonzwisa urombo, "Ndarasiwa'

## Muponesi mambo wangu, wandifira ini;

Akafira munhu, akaita seni here?

CHORUS
Pamuchinjikondakaona kupenya,
Apo m'toro wemwoyo wabviswa (wabviswa)
Ndipo ndakazowamba kuona,
Zvino ndinozofara kwazvo.
Pam'sana pangu, Akaturikwa pamuti here?
Tsitsi, ngoni nerudo, Zvinoshamisa kwazvo!
Urombo hahukwanisi, K'ripa mhosva yangu;
Tenzi ndizvipira, Ndizvo-chete ndingaite!

# Mu-ku-dze-nyi! Jesu mununuri wedu!

Imba nyika nerudoro rwake!
Mu-ku-dze-nyi Ngirosi huru yembiri;
Mupe iye simba nerukudzo!
Jesu mufudzi ne mutungamiriri,
Ano tungamira nguva dzese.

CHORUS
Mu-ku-dze-nyi! Taura ukuru hwake!
Mu-ku-dze-nyi!'Imba ne rufaro.
Mu-ku-dze-nyi! Jesu mununuri wedu!Akatifi-razvitema zvedu;
Dombo redu, tariro yeruponeso!
Mu-ku-dze-nyi Jesu, arowerwa ipambiri!
Akatisunungura,
Rudo rwake runoshamisa.
Mu-ku-dze-nyi!, Jesu mununuri wedu!'
Wekudenga woimba, Hosana!
Jesu Tenzi,Achazotonga narini;
Mupe ch'remba, Mupristi naMambo!'
Kristu ouya achazotonga pasi
Simba, mbiri zvose ngezva Tenzi.

## Ndiyani Osarudza Tenzi Nzira mbiri chisarudza!

CHORUS
Chi...sa...ru...dza,
(Musarudze nhasi, masarudze nhasi),
Pakati pe'di nechitema.
Zvuru zvasarudza kumira, Kurutivi-rwo rwechitema.
Uyayi, mirayi naTenzi, Ndiye chete ane-upenyu.

## Tese taita sehwayi dzapumhuka kure;

Ndingaona senyi nzira yekuva mudanga?

CHORUS
Ndi...rinzira...,Idi...upenyu...
(Ndirinzira, ndirinzira, Ndirinzira Idi upenyu)
Hawu uyi kuna Baba asineni.
Ndiri...rinzira...,Idi...upenyu...
(Ndirinzira, ndirinzura, Ndirinzira Idi upenyu)
Hawu uyi kuna Baba aineni.
Ndatenderedzwa nenhamo Mwari anondinzwa;
Apo wazhinji wochema, Ndoziva senyi idi?
Kuna Kristu nzira nedi, Handicha pumhuki;
Ondi isa kuna Baba; Kumusha wembiri

# Kuti waremerwa nechitema

Bvumira Jesu mumwoyo
Kuti uchida upenyu hutsva
Bvumira Jesu mumwoyo

CHORUS
Kwapera kupokana,
Nhasi usa murambe
Chizarura musiwo,
Bvumira Jesu mumwoyo
Kana uchida kuchenurwa
Bvumira Jesu mumwoyo
Aripo matsime ekusambwa
Bvumira Jesu mumwoyo
Kana wanetsva nematambudziko
Bvumira Jesu mumwoyo
Kana mumwoyo muyine nzwimbo
Bvumira Jesu mumwoyo
Kuti shamwari dzisine idi?
Bvumira Jesu mumwoyo
Anova shamwari yakanaka
Bvumira Jesu mumwoyo
Uchida kuimba nevatsvene
Bvumira Jesu mumwoyo
Woda kupinda mune zororo
Bvumira Jesu mumwoyo

CHORUS

Kwapera kupokana,
Handicha murambizve
Ndazarura musiwo,
Jesu apinda mumwoyo

# Handizokusiyi iwe

Handizokurambiba
Ndinozokutungamira
Pamusana petsitsi
Usatyeba chakaipa
Tora mazano angu
Apo mhepo yakubata
Ndidane m’munamato
Ndichakugumbatira iwe
Ndikutungamirire
Ndicharuramisa nzira yako
Muzviyedzozvo
Kuti denga rapenya
Kose, kose kwajeka
Rufaro rwozoyerera
Zvino zvose zvofara
Ini ndinozova newe
Ndinokutungamira
Kana mwoyo wa’ne dima
Wazara kupokana
Ndinozokujekesera
Nemukati memhute
Mureza mureza
Ini ndinozousimudza

# Nd’udze nyaya yekare, Yezviro zvekudenga

Yekupenya kwaJesu, Nerudo rwaJesu
Taura nyaya zvinyoro, Semwana muduku
Zvondiri wakane Ndisisinasimba

CHORUSNd’udze nyaya yekare, Nd’udze nyaya yekare
Nd’udze nyaya yekare, Yerudo rwaJesu
Nd’udze nyaya yekare,Neinzwi reidi
Funga ini mutadzi,Akafirwa naye
Ndiudze nguva dzese Kuti uchizowa munyaradzi
Panguva yematambudziko
Nd’udze nyaya yekare, Une zvaunotya
Pasi risinambiri, Rinondi konjera (womera)
Hunde nyika yembiri, Iri kuwonekwa
Nd’udze nyaya yekare! Jesu ochenura

# Ngirosi dzinoimba, Jesu mwenje wepasi

Mbiri kunaye mambo, Jesu mwenje wepasi
CHORUSFamba mumwenje, Uya kumadonhwe ane tsitsi
Uti penyere nguva nenguva, Jesu mwenje wepasi
Ndudzi dzese farayi, Jesu mwenje wepasi
Farayi newedenga, Jesu mwenje wepasi
Wedenga womukudza, Jesu mwenje wepasi
Kristu Tenzi narini, Jesu mwenje wepasi
Muchinda werukudzo, Jesu mwenje wepasi
Zuva rekururama, Jesu mwenje wepasi

# Musi wezororo wauya zve

Wakakomborerwa pakusika
Apo Tenzi akamisa basa
Kuti zvese zvive murunyararo
Kuti misirenyi, Uyu musi
Kudzidza kuita rudo rwake
Ano tinzwa Apo tinokwidza
Minamato, zve nenzwiyo nzedu
Chitinzwayi Tenzi wemapasi
Nemutsa chinzwayi vana venyu
Tonderayi nechitsidzo chenyu
Pangidzayi vanhu tsitsi dzenyu
Baba imwi muri vimbo yeduMunotirwira, M’notungamiraMuri m’chengeti wedu mu’penyuNgandiwe wenyu narini Baba

## Muka mwoyo murufara, Imba rukudzo rwaTenzi

Anoda ndimuimbire, Mutsa wake wakanaka

CHORUS
Mutsa wake wakanaka, Mutsa wake wakanaka
Akandivona muzvivi, Akandidisisa kwazvo
Ndiye akandiponesa, Mutsa wakanaka
Kana mukati memhandu, Kana pasi rindishore
Anotungamira mweya, Mutsa wake wakanaka
Kanapo matambudziko, Azowandisisa seyi
O mira nemweya wangu, Mutsa wakanaka

## Simukiranyi Jesu, Warwi wem’chinjiko

Musimudze mureza, Musingaurasi
Mukunde nekukunda, Achitungamira
Mhandu dzese dzitize, Kristu iye Tenzi
Simukirayi Jesu, Wadainzwa uya
Pindayi mukukana, Nemusi wembiri
Warume m’musandiire, Kukana nemhandu
Singayi mudambudzo, Murwise nesimba
Simukirayi Jesu, Vimba simba rakeHondo ichakukunda, UsazvisimbireChipfekayi vhangeri, Namata urindeWodanwa kudambudzo, Usazoshayikwe
Simukirayi Jesu, Hondo ichaperaKune mhere yehondo, TichazokuriraKune achakurira, Opiwa chirembaAchatonga naMambo, Nekusingaperi

# Ndiyani awo wanoungana, Pamberi pechigaro chaMwari

Wanokudzazve Jesu, Nemaropa eNyenye

CHORUS
Varikupinda muJerusalem idzva, Vasambwa nemaropa eNyenye
Varikupinda muJerusalem idzva, Nemaropa eNyenye
Vakadavira m’zita raJesu, Vamwe vavo vachiri vaduku
Vakanzwa tsitsi dzake, Nemaropa eNyenye
Avo vakanzwa zvemadambudzo, Jesu wakavapa runyararo
Kuzorora mumweya, Nemaaropa eNyenye
Vakaita mubasa raJesu, Vakana kukana kwakanaka
Vachafara narini, Nemaropa eNyenye
Vaponeswa vamira panynza, Chitema kufa zvese zvapera
Rufarozve narini, Nemaropa eNyenye

# Wakaneta watambudzwa mumwoyo here

Uya kuneni uwane zororo
Aneyi chinganditungamira kwaari?
Mavanga mumavoko nemakumbo
Anopfeka chiremba cherukudzo here?
Hunde chiremba cheidi chemhinzwa
Ndinowaneyi mukumutevera iye?
Nhamo nematambudziko mazhinji
Anondipeyi mukusimbira kwaari?
Anopedza urombo nekuchema
Iye anoramba kundigashira here?
Anokubvuma zvepasi zvapera
Anokomborera here mukumutsvaka
Vese vatsvene vopindura Hunde

# Ona Tenzi pamusiwo!, Anogugudza zvinyoro

Yavenguva akamira, Usa shore Tenzi wako
Atitenga kwari zvese, Ndatama nenguvo chena
Zora maziso uone, Bvisa zvese zvakaipa
Inzwa inzwi'ro rembowo, Anokupa kusarudza
Iwe unodziya chete, Chigadzira nzira dzako
Basa rake ra'kupera, Tsitsi dzake dza'kupera
Akaipa nga'pezve, Anoera ayerezve
Muviri wake 'nedova, Anokumirira iwe
Muka, zarura musiwo, Da'dza mudiwa apinde
Chimupinza mweni wako, Ugozorora maari
Ukumbanirane Naye, Ugozodya pamwe naye

## Kune nyika yakanaka, Rufaro rwayo ngerwangu

Kune zuva rinopenya, Dima repasi rapera

CHORUS
Nyika iyo yeKenani!, Ndinodisa kusvikayo
Ndichaona zvakanaka zvenyikayo iri yangu
Ine dzimba dzagadzirirwa ini iko kudenga
Tenzi ozofamba neni, Kusangana kweukama!
Ndiye anotungamira, Munyika'yo yerufaro
Kunhuwira kwakanaka, Kunozobva kune miti
Nemaruva akanaka, Kune mvura yeupenyu
Denga rese rozara, Nenzwiyo dzakanaka kwazvo
Ngirosi dzoimba pamwepo, Nechita chevatsvene

## Ngarikomborerwe, Pfundo-ro rerudo!

Rweukama hwe uKristu, sehwekumusoro
Pamberi pababa, To'nza minamato
Nedonzo, nezvidiso, zvedu zvese ngezvimwe
Tino'kowerana mitoro nenhamo!,
Tinonzwirana urombo mukutambudzika
Kuti tapatsana, Tinonzwa urombo
Kut'tine rusimbiro! Tichazo kumbana

# Muka mwoyo wangu, Bvisa kutya kwese

Mupiro weropa vakapirwa ini
Ur’pamberi penyupo, Ur’pamberi penyu
zvino; Zita rangu raka nyorwa
Ari kumusoro, Kumirira ini
Nekundinunura, Neropa’ro rake
Iye Akatifira, Aparadza ropa rake
Riri pachigaro chemutsa
Madzvadzi mashanu, Epa Karivari
Ondinamatira, Nekundimirira
Oti musunungure, Otizve musunungure
Musarege mutadzi afe
Baba anomunzwa, Anoyera wake
Haanga musiyi, Mwana wake ega
Mweya wake wonzvika, Uchitaura uchiti
Wabarwa patsva kuna Mwari

# Kuna Jesu, kuna Jesu, Kuna Jesu zvino

Zvino uya kuna Jesu,Kuna Jesu zvino
Kuponeswa, kuponeswa,Kuponeswa zvino
Zvino uya kuna Jesu,Kuponeswa zvino
Akwanisa, akwanisa,Akwanisa zvino
Zvino uya kuna Jesu, Akwanisa zvino
Wadaidzwa, wadaidzwa, Wadaidzwa zvino
Zvino uya kuna Jesu,Arindira zvino
Arindira, arindira,Arindira zvino
Zvino uya kuna Jesu, Arindira zvino
Musimbire, musimbire,Musimbire zvino
Zvino uya kuna Jesu,Musimbire zvino
Komborerwa, kombrerwa,Komborerwa zvino;
Zvino uya kuna Jesu,Komborerwa zvino;

## Tinoda zita raJesu, Kukunda amwe ese

Rinozadza wekudenga, Rinofadza vepasi
CHORUS
Zita rake rinokunda amwe ese
Zita rake rinokunda amwe ese
Hakunazve rimwe zita, Kana mwoyo wasuwa
Hakunazve rimwe zita, Kana mwoyo wofara
Ndinovimba ndicham'ona, Ouya ane mbiri
Ndinovimba ndichatorwa, Mweya wangu wofara
Kuti achida ndishande, Mumunda make Tenzi
Ndoda andikomborere, Mumazvi nemabasa
Kana oda kuti ndife, Ndingafire kwaari
Ndoda kuti ndisimbire, Nekugara kwaari

# Inzvi rimwe raJesu, Shamwari yeidi

Tiudze tifare, Zvaakakuitira

CHORUS
Inzvi rimwe naJesu, rinotibatsira
Inzvi duku naJesu, imba unamate
Inzvi rimwe naJesu, Kwete muchinjiko
Netsitsi tichapinda, Kumusha wedenga
Inzvi rimwe naJesu,Kwete muchinjiko
Uti ndinoda Tenzi,Akandifirawo
Inzvi rimwe naJesu, Usinganonoki
Unyope mubasa,Hwunounza urombo
Inzvi rimwe naJesu, Kana wonyorova
Simuka mukuneta, Anokusimbisa

# Ridzanyi matare kune rufaro!

Mweya wapumhuka wadzoka
Baba wom'gashira ari munzira
Omugashira mwana wake

CHORUS
Mbiri ngirosi dzinoimba
Mbiri marimba anorira
Hondo yekudenga senyanza huru
Yoimba vasununguka
Ridzanyi matare kune rufaro!
Mupumhuki agashirwazve
Mweya waponeswa kubva muzvivi
Wabarwa patsva aponeswa
Ridzanyi matare kune mutambo!Ne ngirosi ngadzi imbewoVaudze rufaro usvike kweseMunyangadzi abarwa patsva

# Wungano iyi ngeyenyi, Irikukasika kwazvo?

Kuungana nguva dzese Mhere mhere'yi ngeyenyi
Ungano yakapindura,Ndi Jesu ari kupfuura
Ungano yakapindura,Ndi Jesu ari kupfuura
Ndiyaniko uyu Jesu, Anomhanyirwa nevese?
Mweninyiko anogona, Kutora ungano yese?
Manzvi akapindura zve,Ndi Jesu arikupfuura
Manzvi akapindura zve,Ndi Jesu arikupfuura
Jesu! uya ayifamba, Mukati mevane nhamo
Wachiunza kuna iye, Varwere kuzoponeswa
Bofu rakafara kunzwa, Ndi Jesu ari kupfuura
Bofu rakafara kunzwa, Ndi Jesu ari kupfuura
Anouya nzwimbo dzose, Tinoona tsoka dzake
Anotibatsira nekutiraramisa, Nguva dzose
Ngati simuke tidane Jesu weNazareta
Ngati simuke tidane Jesu weNazareta
Uyanyi vakaremerwa!, Kune musha nezororo
Nemwi makapumhuka, Uyayi muzopiwa tsitsi
Imwi vaedzwi vuyayi, Jesu weNazareta uyo
Imwi vaedzwi vuyayi, Jesu weNazareta uyo
Kana woramba kudanwa, Uchiramba rudo rwake
Uchafuratirwa naye, Iwe urikumuramba
Vanonoka vanonoka, Jesu weNazareta apfuura
Vanonoka vanonoka, Jesu weNazareta apfuura

## Kwakasara makumi mapfumbamwe, Mudanga iro rehwayi

Imwe yarasika kure, Kubva pazambararo rendarama
Kure kumakomo anotonhora, Kubva kune mufudzi vakanaka
Kure kune mufudzi vakanaka
Makumi mapfumbamwe ari pano, Haanga kwaniri here?
Mufudzi akati imwe hapana, Yakapumhukira musango
Kana nzira yakashatisa sei, Ndo'enda kugwenga kundotsvaka
Ndoenda kugwenga, kundotsvaka
Vaponeswa havazivi udzamuhwu,
Hwemvurayo, yakabirwa Kuti awane hwayi yake,
Kure kure kugwenga yakachema Yavapetyo nekuda kuti ife
Kure Kure kugwenga yakachema Yavapetyo nekuda kuti ife
Tenzi iri ropa rabvakupiko, Rataona pamakomo
Rakateukira akarasika Asi mufudzi amudzora
Kongenyi maoko ane madzvadzi, Akabaiwa neminzwa usiku
Akabaiwa neminzwa usiku
Makomo ese arikutinhira, Nekunzwika mumawere
Kudaidzira kunobva kudenga, Farayi hwai yaonekwa
Ngirosi dzinoimba pachigaro, Ngekuti hwayi yavamwa
Farayi ngekuti hwai yavanwa

# Musakundwe nezvi yedzo zvakaipa

Kukunda kumwe kunokupa simba
Kana semurume, Kunda ruchiva
Unangise Jesu, unobatsirwa

CHORUS
Kumbira muponesi, kuti akubatsire
Anoda kubatsira, unozobatsirwa
Rega shamwari nemanzwi enhando
Remekedza zita raMwari wako
Iva nepfungwa kwadzo zve nemutsa
Unangise Jesu, unobatsirwa
Vakurira vanopiwa chiremba
Tichazokurira nerudairo
Tinopiwa simba nam’ponesi
Unangise Jesu, unobatsirwa

## Handinga ponesvi, kana dai ndicheme,

Hazvinga bvisi kutya, Kana kubvisa zvivi,
Kuchema inhando

CHORUS
Jesu akandifira, Pamuti akatambura;
Anondisunungura, Ndiye anogona
Basa ‘ribatsiri, kana zvandinoita,
Ne pfungwa dzakanaka, hadzi shanduri mweya;
Basa ‘ribatsiri
Kana kurindira, hakundi batsiriba
Asi kuti ndifire, tsitsi nemutsa wake,
Kurindir’ inhando
Chete rudairo, kana Kristu m’ponesi,
Nebasa Rake rese, Tibatsirenyi Tenzi,
Muti ponesewo

# Uya mweya yatambudzwa, Tenzi anemutsa,

Muchazopiwa zororo, Mukamusimbira

CHORUS
Musimbire, musimbire, M’simbire zvino
Ane rudo ane rudo, Unoponeswa
Jesu aparadza ropa, Kuti komborera
Chipinda zvino muropa, Kuti ucheneswe
Hunde Jesu ndiyo nzira, Idi nezororo,
Daira zvino kwaari, Unokomborerwa
Uya muchita choyera, Ugashire mutsa
Ugare munyika iyo, Izere rufaro

# Tarisa Izraeri, Mufudzi weidi

Anodana zvakanaka, Hwai dzake duku!
Ati Dzibvumire, Kuti dziuye kwandiri
Ndiye anokomborera, Tenzi we ngirosi
Tinounza nekutenda,Tenzi chikotsayi
Zvinotava nerufaro,Tava wenyu chose

## Simukanyi mese, Murikudze zita ra Jehova

Taurayi nebasa rerudo rwake,
Netsitsi dzake ihuru kwazvo
Reganyi hwamanda imukudze, Nebopoto guru;
Reganyi marinda ese amukudze;
Manzwi azare nezita rake
Apo muchim’kudza, Ridzisanyi zvese zvinakidze;
Anopa upenyu, mweya imupe mbiri;
Yake huru, m’kudzenyi Tenzi

## Ndinomudayi Jesu, Ndiri'ye murombo

Mweni ne mufambi, Handina neupfumi
Ndoda rudo rwaJesu, Ruzondinyaradza
Nekunditungamira, Muve simba rangu
Ndoda mwoyo waJesu, Mundipewo mutsa
Ndionese zviyedzo, Neurombo hwangu
Ndinoda Mweya m'tsvene, Ugondidzidzisa
Undionese Jesu, Muponesi wangu
Ndinomudayi Jesu, Ndichamuonayi,
Muri murarabungu, Pachigaro chenyu,
Pamwe nevana venyu, Ndichafara kwazvo
Kuimba murukudzo, Nekuona Tenzi

## Mwari mubatsiri wedu, Nesimbiro yedu

Bako redu munhamodzo, Musha une mbiri
Mubvutero reumambo, Ndoona zororo
Handingatyi nechiroba, Kuti ndii nemwi
Kare musati masika, Makomo, nepasi
Imwi makange mavapo, Moveko narini
Kwamuri churu, Chemakore chinofananaNeusiku humwe,Kana mangwanani mamwe

## Mira usingatenheki, Umire segomo

Mwey' unosimbira Tenzi, Unosimba sedombo
Hakuna chimwe, Chingachengeta zvakanaka
Kupfuura maoko, Anerudo aJesu
Itirayi zvakanaka, Vanomusimbira
Vanozorora muidi,Varipamitemo

## Kune rudairo rumwe,Handizhinjiba kwete

Rwuri chishangu chaMwari
Runoda mabasa chete
O Tenzi regererayi,Mtemo wenyu wasvibiswa;
Iwo wakachena asi,
Chitema chausvibisa
Sunungura kusachema, Bvisa kusachema m’mwoyo
Tibatsire kuchengeta
M’temo wenyu wese Tenzi

# Tichasangana parwizi, Uko kusina bopoto?

Kune kupenya narini, Nerufaro rwemweya

CHORUS
Tichazosangana, mhiriyo kweuru rwizi
Uko kusina dambudzo, Tosanganayo here?
Tosangana pachitsuwa, Apo mhepo yazopera
Tosangana nerufaro, Pamahombekombeyo
Tozosangana kumusha, Kwazara nekupenya
Kwakavakwa nematombo, Nezvinokosha
Tozosangana naTenzi, Apo achauya pano?
Tingazive rudo rwake, Nekuzogara naye
CHORUS
Tichazosangana, mhiriyo kweuru rwizi
Uko kusina dambudzo, Tosanganayo here?

# Ndiri kufamba munyika, Musina nechiro

Asi imwi makazadza, Nzira nemaruva
Nyika iyi yeBeulah, Yakanaka kwazvo
Nokuti ndinaye Tenzi, Zuva nesikati

CHORUS
Nyika yakanaka kwazvo, ndinoidisisa
Nyika iyi yechitsidzo ndiri kuivona
Hakuna nebvute rose, Kana nedimazve
Mbiri yenyu inovepo, Zuva nevusiku
Nzvimbo dzakanaka, Dzinoimba nengirozi
Dzino nzvikwa kwese kwese, Dzondifadza ini
Ndozofamba murufaro, Kumusha wedenga
Mwoyo wangu unofara, Zuva nesikati
Mazambara ekudenga, Ndave petyo navo
Nekuti nzira iyoyi, Ndeye kumusoro

# Nyika yakanaka Eden

Kwakateramira
Mumwoyo yevakaneta
Munoiswa simba

CHORUS
Nyika yakanaka Eden, Musha wevatswene
Ndinofamba mumaruva, Ndorota nezororo
Mumwoyo me anochema
Zuva rinopenya
Ngirosi dzoimba nzwiyo
Kubva kure kure
Ndiwo musha waM’ponesi
Nechita chasambwa
Pamapomhoyo embiri
Vanoimba rwiyo

# Ndoiteyi naJesu, Ari mberi kwangu?

Anemhinzwa pam’soro, Ane nguwo tsvuku

CHORUS
Zvino uyu m’bvunzo, Chinyi mupinduro?
Ndomurovera Jesu, Ndirege Baraba
Ndoregera gororo, Munhu anozvida
Kanakutizve Jesu, Uyo acharambwa?
Mubvunzo’yu mukuru, Ndopindura sei?
Mutsa unorindira, Uchiri kubvunda!
Ndozomira seyiko, Kana ndide pasi?
Kana nemwi maKristu, Murimuzviedzo
Zvino uyu mubvunzo, Chinyi mupinduro?
Ndorovera Baraba, Ndiregere Jesu
Ndonorovera Baraba Ndichirega Jesu
Ndonorovera Baraba Ndichirega Jesu

# Inzva manzvi ematsamba ekare, Unzai zvegumi zvese mudura

Iva nechitsidzo chisingaperi, Chitsidzo chakecho Mwari

CHORUS
Unzai zvegumi zvose m'dura
Mundiedze, ati Jehova
Ndinomupa zvikomborero
Hauna nzvimbo yekuzvigashira
Unoda kuziva simba remudzimu, Unzai zvegumi zvese mudura
Nekunzwana naye nguva nenguva, Kukupa zvikomborero
Chinyi chapatsana nemwi naMwari? Unzai zvegumi zvese mudura
Zviunzei munzira inodikanwa, Adurire zvikomborero
Zvipire mwoyo kuna Tenzi Mambo, Wopa zvegumi zvese mudura
Simbirira kune zvitsidzo zvake, Umupe nemwoyo wose
Ngaanzvikwe maungira erwiyo, Tichiunza zvegumi mudura
Nerufaro Halelujah toimba, Totenda zvikomborero

# Musi wakomborerwa, Jehova azorora

Wechinomwe wevhiki, Wasarudzwa Mutsvene

CHORUS
Tinofara, Tinofara
Tinofara nemusi, zororo raJehova
Mwari wakapedzisa, Basa rake kusika
Ndizvo wakayerisa, Musi wake Sabata
Vamwe vakapindura, Vanoda wekutanga
Kuti idi munoda, Tsvakayi mumatsamba
Vese vane'di voti, Vanhu vakapindura
Mubhuku hamunaba Kuti vakapindura
Ndizvozvo ndakatsvaka, Ndakavona Sabata
Ndakatevera Mwari, Kuchengeta'ro idi

## Runyararo, mupasi redima? Ropa raJesu rozevezera

Runyararo, mumabasa ese? Kuita kuda kwake izororo
Runyararo, mumatambudziko? Pana Jesu towana zororo
Runyararo, hama dziri kure? Muna Jesu tose tochengetwa
Runyararo, hatizivi mberi? Asi Jesu ari pachigaro
Runyararo, mubvute rerufo Jesu abvisa rufo nesimba
Zvazokwana zvepasi zvaguma Jesu adaidzira kudenga

# Jesu ndokutewera, Muri kundidaidza

Ndinouya kuenda, Nemwi kumusha'ko

CHORUS
Ndokutevera, Ndokutevera
Ndokutevera kwese unoenda
Maziso angatadze,Makumbo akuhunwa
Ndaneta asi Imwi, Murisimba rangu
Urombo nekushaya, Zvitadzo zveubenzi
Zvingandiputsa, Asi ndinokutevera

## Ngati-ungeyi maranzi,Akaraswa munzira

Ngati chengeteyi mbeu, Ngatiraseyi hundi
Tiwane zororo redu, Tikomborerwe nhasi
Nemwoyo wekutivira,Bvisa mhinzwa munzira

CHORUS
Kusha mbewu dzemutsa, Kusha mbewu dzemutsa
Kusha mbewu dzemutsa, Tokohwa gare gare
Hatina hanya nerwiyo, Dakara rwazopera
Hatifariri maruva, Dakara azopera
Hationiba kunaka, Kwedenga muzhizha
Kana kuri patsanisa, Kunere muchirimo
Dai tichiziva, Kuti mwana angatonhorwa
Kuti asina kufuka, Zvisingatinetsiba
Mwana angaona here, Kuti takazaririrwa
Kuti tingazaririrwa here, Neminembo yeminwe
Minwe iyo yatonhora, Inoti tondedzazve
Nemabasa akaipa, Emunzira yekare
Inotitondedza seyi, Nezvakaipa zvedu
Tisazo kushe mhinzwaka, Asi maruva kwazvo

# Tenzi kuri kuvhuvhuta! Mananda atokwira!

Nedenga rese ratosviba, Hatina pekuvanda
Motirega here tife, Musarare tofa
Nguva yese yazara nengozi, Nenyanza yavaguva

CHORUS
Mananda anonditeerera, Nyarara
Kana kushatirwa kwenyanza
Mashavi kanavanhu, kana chiyi
Mvura hainganyudzi ngarava
Muna Tenzi wenyanza nepasi
Zvese zvichanditeerera
Nyararai, nyararai
Zvese zvichanditeerera, Nyararayi
Tenzi nemwey' unorwadza!, Ndokotama kunemwi
Mwoyo wangu unotambura!, Muka mundiponese
O mananda echitema, Oda kundinyudza
Nda'kufa, nda'kufa Tenzi wangu, Kasika ndiponese
Tenzi kutya kwazopera, Zvese zvazozorora
Nenyanza yazoteramira, Denga razovapetyo
Chimiriranyi mununuri, Musandisiyeka
Ndichasvika kumahombekombe, Ndizorore ikoko

# Ndina muponesi anoshamisa, Anondishamisa ini

Anondiviga mubako redombo, Kune nzizi dzerufaro

CHORUS
Anondiviga mubako redombo
Rinobvisa nyota yese
Aviga vupenyu murudo rwake
Ofukidza neruoko, Anondifukidza ini
Ndina muponesi anoshamisa, Anorerutsa mitoro
Anondimisa handizotenheki, Ndiye anondipa simba
Nguva dzese anondikomborera, Ndozadzwa nembiri yake
Mbiri kuna Mwari ndomuimbira, Ndiye mununuri wangu
Kuti ndapfeka mbiri ndozokwira, Tokumb’ naye m’makore
Ruponeso rudo runoshamisa, Toimba tese kudenga

# Mununuri wedu anotioneka tose

Mutungamiri nemunyaradzi wedu
Mweni anotipa mweya, nekunaka kwose
Kuti aone mwoyo wekuzorora
Inzvi rake tinorinzwa, mumanheru ose
Rinonyaradza nekuonesa denga
Zvese zvimiro tinazvo nekuriro dzese
Nepfungwa dzese dzinoyera ndedzake
Netsitsi dzake dzione, kunyorova kwedu
Garaivo nesu tifanane nemwi

## Nyangwe zvitema zvatsvuka, Zvichachena sechando

Nyangwe zvitema zvatsvuka, Zvichachena sechando
Kana zvatsvuka sengura, Zvichacheneswa,
Nyangwe zvitema zvatsvuka
Nyangwe zvitema zvatsvuka, Zvichachena sechandoZvichachena sechando
Inzvi rinokudaidza: Dzokera kuna Mwari
Inzvi rinokudaidza: Dzokera kuna Mwari
Anemutsa mukuru, Ane rudo zve
Inzvi rinokudaidza
Inzvi rinokudaidza: Dzokera kuna Mwari
Dzokera kuna Mwari
Achakukanganwira, Zvitema zvako zvose
Agozvi kanganwa zvese, Zvitema zvako zvese
Tarisai kwandiri, Mwari adaro
Achakukanganwira
AchakukanganwiraZvitema zvako zvese,
Achazozvikanganwa

# Kandirayi Tambo yeupenyu, Kune hama'yo tingaponeswe

Hama yomumwe, ndiyani zvino, Angakande tambo yorubatsiro

CHORUS
Chibatsirayi! Chibatsirayi!, Umwe anorasika
Chibatsirayi! Chibatsirayi!, Umwe ari kunyura
Kandirayi tambo kasikayi, Seyi muchimira nguva huru?
Onayi onyura, kasikayi, Pindayi nengarava yeupenyu
Vakandireyi varimungozi, Avo vavakunyura munyanza
Mananda ezviyedzo nenhamo, Achavakandira'ko kwakadzama
Nguva yokununura yopera, Vachayenda kure iye zvino
Hama, kasika usanonoke, Chivakandira tambo youpenyu

## Tsamira maoko aJesu, Unobatsirwa, batsirwazve

Kuti uchimusimbirazve, Uchazofara

CHORUS
Tsamira mumaoko ake, Simbira murudo netsitsi
Tarisa kudenga kumusha, Tsamira kuna Jesu
Tsamira maoko aJesu, Anokujekesera nzira
Chimutevera nerufaro, Inzva inzvi rake
Tsamira maoko aJesu, Unza matambudziko ako
Mutoro unokuremera, Ipa kuna Tenzi
Tsamira maoko aJesu, Zvino chisiya zvese kw’ari
Ane mutsa, anerudozve, Anoona zvese

## Ndina mponesi anondimirira, Kana ndisina shamwari dzepasi

Anondichengeta, nemutsa ne nyasha, Dano Tenzi vangu varivakowo

CHORUS
Ndokunamatira, Ndokunamatira, Ndokunamatira, Ndokunamatira
Ndinaye Baba, akandipa ini, Tariro yeupenyu iri idi
Achandidaidza kwaari kudenga, O daro arega ndauya newe!
Ndine nguwo yakachena kwazvowo!, Yakarindira kuti ndiyione!
O kuti ndoyigashira ichipenya, Newe ungagashira yako here?
Ndakapiwa runyararo idi, Urwovo shamwari dzenyika dzisina
Muvambi nemupi wacho ndiJesu, Namatira ur' piwezve newevo
Jesu akuwana, udzawo vamwe, Kuti Jesu ndi Muponesi wako
Namata, Jesu avaunze kumbira, Unopindurwa, sezvo ndapindurwa

# Upenyu kupi? Hwuri mumweya

Mubopoto, mukunyarara hwurimo
Mubvunz’ unotyisa, upenyu! Kupi?
Mubvunz’ unotyisa, upenyu! Kupi?
Upenyu kupi? O! Upenyu! Kupi?
Mumbiri nevapona? Kana kuraswa?
Muchimwe cheizvi, Upenyu! Kupi?
Muchimwe cheizvi, Upenyu! Kupi?
Upenyu! Kupi?, Ingakowere seyi
Murufaro rusina idi rwenyiko
Gadzira mubvunzo, Upenyu? Kupi?
Gadzira mubvunzo, Upenyu? Kupi?
Upenyu! Kupi?, O shamwari funga
Nekukasika, Mwari achatonga
Nhas’ ungamisire, Upenyu! Kupi?
Nhas’ ungamisire, Upenyu! Kupi?
Upenyu! Kupi?, O! Upenyu! Kupi?
Usarare kana kufadzwa nenyika
Funga nemubvunzo, Upenyu! Kupi?
Funga nemubvunzo, Upenyu! Kupi?

# Jesu M'ponesi weBeterehem! Waberekwa m'urombo, mudanga

O cha'va chiro chinoshamisa, Kutsvaka iwe neni
Kutsvak' iwe neni, Kutsvak' iwe neni
O cha'va chiro chinoshamisa, Kutsvak' iwe neni
Jesu M'ponesi paKarivari, Waripa m'ngava ndasunungurwa
O cha'va chiro chinoshamisa, Kundifira ini
Kundifira ini, Kundifira ini
O cha'va chiro chinoshamisa, Kundifira ini
Jesu M'ponesi, uyo wekare Apo ndange ndichikupumhuka
Akanyengerera mweya wangu Kudaidza ini
Kudaidza ini, Kudaidza ini
Akanyengerera mweya wangu, Kudaidza ini
Jesu M'ponesi odzika pasi Chitsidzo chakanaka tinoda
Ndichamuona odzika pasi, Odzikira ini
Odzikira ini, Odzikira ini
Ndichamuona odzika pasi Odzikira ini

# Mwenje, nditungamire, Mudima tungamira

Ndiri mudima, Kure nemusha tungamira
Ndichengete, Handidi kuona zvirikure
Tsiko rimwe chete
Kare ndaisa kumbira, Kuti ndibatsirwe
Ndaizvisarudzira, Zvino nditungamire
Ndaidisa nzira inopenya
Ndaidada, ndikanganwireyi
Simba renyu randikomborera, Tungamira
Munzvimbo dzese, Dzakaipa, nedzakanaka,
Nengirosi dzichinyemwerera,Dzo ndaida,
Ndanga ndisinadzo

## Nzira yenyu basi, Kana inedima!

Ndibate ruoko, Ndipangidze nzira
Handingasarudzi, handinga giniba
Asi ndisarudzire, Kuti ndifambe nemwi
Umambo ndehwenyu, nenzira ndeyenyu
Musim' ndoraswa, Baba m'kombe wangu
Zadza nerufaro, sezvamunoda imwi
Ndisarudzireyi sekuona kwenyu
Ndisarudzireyi, shamwari nezvese
Ndisarudzire hama, nhamo neupfumi
Ndisasarudzeba, zvikuru nezvese
Iva simba rangu, muchengeti wangu

## Mwoyo uneurombo, Mazis’ eubofu

Kuda’ra kunofadza, Jesu ane mwenje

CHORUS
Uyayi o muno remerwa
Nemitoro’yo ndinomupa zororo
Torayi jokwe, mudzidze neni nekuti
Ndakapfava m’mwoyo, Muwane zororo remweya
Rufaro’rwo rwenyika, Harumbotigutsi
Rudo rune rufaro, Nekuti harufi
Kristu anotipa, Kunyaradza kwedenga
Iwe wasara here? Pinduka upone
Runyararo nerudo, Rwake zvakadzama
Jokwe rake inyore, Inyore narini

## Ngoma dzakanakisa, Nemusi mutsvene

Tinotenda M’ponesi, Upenyu nenzira

CHORUS
Tenda, Tenda, Muponesi wedu
Tenda, Tenda, Tenda mambo wedu
Waidisa vapwere, Apo ari pasi
Kana ari kudenga, Achirukutida
Tinoda kumukudza, Nekunzwa nenyaya
Dzake achirimo, MuGarire rekare
O Tenzi muponesi, Tomupfugamira
Kuti muti batsire, Kuponera imwi

# Nyenyedzi yakabud’ usiku, Yakapenya nembiri huru

Yakatungamira vazivi , Kuna M’ponesi kudanga
CHORUS
Inopenya, iye zvino, Ichikupenya nyenyedzi!
Inopenya, iye zvino, Yeruponeso, nyenyedzi
Vakaziviswa nenzvi redi, M’nguva yeiyi nyeredzi;
Vakateera nyenyedziyo, Yayipenya iri Kristu
Tinoiteera sevakare, Mwenje wenyika wataurwa;
Tinoteera mwenje wayo, Dakara tisvike kudenga

# Inzva manzvi aterere, Anoimbwa kudenga

Jesu anotonga pasi Denga rose rofara
Agerepo pachigaro, Jesu otonga pasi
Hariruya! Hariruya! Hariruya! Amen
Mambo otonga narini, Ngaatonge narini
Hakun’ acham’patsanisa, Neawo makanemba
Zvisikwa zvetsitsi dzenyu, Zvamirira kum’ona
Hariruya! Hariruya! Hariruya! Amen
Kasikayi muponesi, Unzayi zuva renyu
Kuti mhere yozoridzwa, Pasi rinozopfu’ra
Tochiimba nemarimba, Mbiri kuna mambo wedu
Hariruya! Hariruya! Hariruya! Amen

## Mumw’ achapinda nezambara, Gare, gare, gare, gare

Kune mbiri yandamirira, Ndiwe here, Ndini here?
Mumwe ‘chafamba pandarama, Kune miono yakanaka
Todya rufaro rwataurwa, Ndiwe here? Ndini here?
Mumw’ achatura muchinjiko, Gare, gare, gare, gare
Vamwe vachapiwa ndarama, Ndiwe here? Ndini here?
Mumwe achazoona mambo, Matambudziko azopera
Ozofara naye narini, Ndiwe here? Ndini here?
Mumw’ achapfigirwa musiwo, Gare, gare, gare, gare
Inzvi roti handikuzivi, Ndiwe here? Ndini here?
Mumwe achadana, haanzvikwi, Otambura m’siwo wapfigwa
Mumwe oshaya mubairo, Ndiwe here? Ndini here?
Mumw’ anoimba rukuriro, Gare, gare, gare, gare
Tomukudza nevaponeswa, Ndiwe here? Ndini here?
Mumwe achazochingamidza, Vadiwa vepasi rapfuura
Tozova mumbiri narini, Ndiwe here? Ndini here?

# Kune mwoyo asurukirwa, mazuva opfuura

Kane mwoyo yakaneta, mazuva opfuura
Kana tichingafara, tiri murwendo rwedu
Tiite zvakanaka, mazuva opfuura

CHORUS
Opfu’ra, opfu’ra, opfu’ra, opfu’ra
Tiite zvakanaka, mazuva opfu’ra
Hakuchina kutukana, mazuva opfuura
Reg’ usu hwako hwupenye, mazuva opfuura
Pasi rineurombo, rizere nekuchema
Simudza vaputsika, mazuva opfuura
Mapfundo ese erudo, mazuva opfuura
Toasiya mumasure, mazuva opfuura
Mbeu’dzo tinodya, Dzinovamba kukura
Dzojekesa mumwoyo, mazuva opfuura

# Kune nzvimbo yakanaka, Petyo pana Baba

Nzvimbo isina chitema , Petyo kuna Baba

CHORUS
O Jesu Mununuri, makatuma pasi
Mutisvededze isu, petyo kuna Baba
Kune nzvimbo yerufaro, Petyo kuna Baba
Apo takumbana Naye, Petyo kuna Baba
Kune nzvimbo yezororo, Petyo kuna Baba
Nzvimbo iyo yerufaro, Petyo kuna Baba

## Ndoona rini'ko musi, Apo vaponeswa Vaswika Zioni

Musha werufaro kwazvo

CHORUS
O nditakure, nditakure, kuZioni
O chinditakura kuguta'ro revatsvene
O ndichanzva Haririuya, Rwoimbwa nechita
Nerufaro chichaimba, Rwiyo rwenunuro
Onayi mbiri yosvika, Iyo m'fambi anoda
Inonyaradza vachemi, Rufaro rwosvika

## Mukuyedzwa, Jesu ndimirireyi

Tenzi kuti ini, ndisamusiye
Kuti ndotenheka, nditsiureyi
Musandibvumire, kuputsikazve
Pasi nerufaro, Rwakarambidzwa
Neupfumi hwaro, Zvisandi ku’adza
Mugonditondedza neGetsimani
Kana muchinjiko, weKarivari
Kana ’mi maunza, urombo, nhamo
Kana ndirwadziwe, munzira pasi
Bvumira ndione, r’woko rwenyu
Bvumirayi kuti ndimusimbire

# Vaunza kuna Jesu, zvipo zvavo zvese

Rudo kuna M’ponesi, Rwaita vamupe
Manzvi ese emutsa, kubatsira vamwe
Zvese-zvo zvipo zvavo akazvigashira
CHORUS
Waunza kuna Jesu, chipo chakanaka!
Ita, Ndamupa mwoyo, pamakumbo ako
Pakange pane m’fambi, ayidawo kupa
Akaonawo zvipo, zvo vaipa Tenzi
Ayidisa zvikuru kuti ape chipo
Akamirawo petyo asina nechiro
Achema ati, Tenzi ndimwi mune mutsa
Tora zvese, ndinazvo, nemwoyo wechivi
Jesu akapindura, Chikuru chipo chako
Kupinda zvimwe zvese, zvaunzwa kuneni

# Jesu Tenzi ndinochema, Ndofa asi m'kabatsira

O unzayi ruponeso, Nditoreyi ini

CHORUS
Nditoreyi im'! Nditoreyi ini!
Kristu wandifira ini, nditoreyi ini
Handinaka rubatsiro, Asi imwi mandifira
Mungandi'te zvamunoda, Nditoreyi ini
Hapana zvandagadzira, Zvitsidzo zvangu ndotyora
Asi ndiponeseyiwo, Nditoreyi ini
Ndiri pamakumbo enyu, Ndiiteyi sezvamunoda
Pedzisayi basa renyu, Nditoreyi Tenzi
Kuti ndibate nesimba, Ndimutsirireyi mwoyo
Ndichaita kuda kwenyu, Nditoreyi Tenzi
Kana basa razopera, Hondo yepasi yapera
Ndinozokuchemerayi, Nditoreyi Tenzi

## Tinofara kubatira Tenzi, Tinobvuma kumubatira

Basa iro Tenzi anotipa, Tinoita nekutendeka

CHORUS
Tomubatira, toenda mberi
Tine rufaro, Tomubatira
Pano mumunda wake
Tinofara kuparadza shoko, Nerudo kune vanhu pasi
Jesu arikupenya kwaBaba, Anotipa zvikomborero
Nekupfava totevera Tenzi, Tinofamba nekuperera
Topangidza vamwe kuna Tenzi, Nevanyangadzi kugwayana

# Yakafanira nyenye, Yakafanira nyenye;

Yakafanira nyenye, Yabaiwa
CHORUS
Mbiri, Hariruya, Kudza Hariruya!
Mbiri, Hariruya! Kunyenye.
Tenzi unza umambo! Huzopedza chitema;
Unzai makore churu, Moyera.
Nguva dzese tinonzwa, Tim'de Timusandire
Tinosvika Zioni, Tim'one

## Ndichazo musevenzera Jesu

Ndomutenda nemuromo
Nzeve dzangu dzichazomunzwa
Ndomuimbira neinzwi

CHORUS
Tenzi tinouya,
Tinouya tiri vana
Tenzi tinouya,
Tidzidze nemi
Ndichazofamba munzira yake
Inoenda kudenga’yo
Maziso kufunda Bhaibheri
Nerudo rwake Kristu
Ndine mwoyo wekumupa Jesu
Mweya umwe aponese
Upenyu humwe murusando
Zvese zvangu ngezvakewo

## Gogo, gogo, ndiani? Arindira akanaka!

Mufambi weumambo zve Asati awonekwa
A! mweya wangu, zaruravo mwoyo
Chishamiso chipinde’mo mukati
Gogo, gogo, Achipo, Arindira, Oshamisa
Handinyore kuzarura, zvo zvite zvakurisa
Zvadzikisa midzi yazvo, Kutenderedza
m’siwo; Kuti usazarure
Gogo, gogo, Achipo? Arindira, Akanaka
Anogogodza musiwo, nechiremba
chemhinzwa; Arindira nemutsa, Tenzi
akarindira; Woreg’ aripo here

# Nangisa Jesu, Hana chitema;Upenyu hwake, hwapiwe'ni

Upenyu hwangu nechitema, Hwafukwa nehwake kuchena
CHORUS
Ndofukidzwa neupenyu hwake
Ndozoziva upenyu hwese
Upenyu hwangu hwechitema
Hwafukwa nehwake huchena
Zvironda zvechitema zvadzama, Zvakatsvuka, Mweya unotya
O kufukidzwa nemwi Jesu, Ndosunungurwa nemutemo
Ndoda kuziva rusunungurо! Jesu ondipa nguwo chena
Ndaigashira, yangu ndarasa, Ndinopfeka upenyu hwenyu
Ndadzorerwa nerufo rwangu, Ndaruramiswa nemwi Tenzi
Ndaereswa neinzwi renyu, Ndozogashira mbiri yenyu

# Da'Dzira Hondo, mhandu yapetyo, Sim'dza mureza waTenzi

Pfeka chishangu, Simbayi mese, Simbirayi painzwi rake

CHORUS
Vakani simudzayi mureza
Gadzirira, nyeweranayi
Enda mberi, Daidza Hosana!
Kristu m'tungamiri wehondo
Farayi mukumbane nemhandu, Idi rinokurirazve
Chishangu nemureza zvipenye, Tichakurira, hatitadzi
O Mwari wevese chitinzwayi, Tibatsireyi netsitsi
Hondo yazopera, takurira, Tingazopfekawo zviremba

## Tenzi nditungamire, Munzira yangu yose

Ndachengetwa, ndinemwi, Ndichagara murudo
CHORUS
Tenzi, kuti ndisarasike m’nzira
Mukuchinja kwenguva, Nditungamire Tenzi
Muribako’ro rangu, Cham’pupuri chauya
Handizotyi ndinemwi, Ndinosimbira imwi
Ndisvitse kumagumo, Cham’pupuri chapera
Ndozosvika nyika’yo, Masodzi opukutwa

## ava noumwe wakafa panzwimbo yangu, Kuti mweya sowang’ up

Wabvuma kufamba m’nzira yemuchinjiko, Kuti asunungure ini
CHORUS
Zvakaroverwa’po, Pam’chinjiko wake
O zvizhinji sey’ atakura!, Nekurwadzwa kose;
Jesu atakura, zvese zvitema zvangu
Anemutsa, rudo, nenyasha kuneni, Anochenesa mwoyo wangu
Handichina kuraswa, ngasununguka, Zvaroverwa pam’chinjiko
Ndichabatirira kuna muponesi, Ndichafara ndiri murwendo
Ndine rwiyo momwoyo nepamuromo, Zvitema zvangu zvazobviswa

## Inguva inorwadza, Zvakadini yeurombo

Apo ndati kuna Jesu, Zvese zvese ndezvangu
Hapana nechenyuba, Zvese zvese ndezvangu
Apo ndati kuna Jesu, Hapana nechenyuba
Asi’ ye akandiwana, Ndakam’vona pamuti
Nemwoyo wangu ukati, Zvino zvimwe ndezvangu
Nezvimwevo ndezvako, Zvino zvimwe ndezvangu
Nemwoyo wangu ukati, Nezvimwe ndezvako
Misi yose mutsa wake, Unondibatsira, wondipfavisa
Ndichiti zvangu zvova zvishoma, Zvako zvova zvizhinji
Zvangu zvava zvishoma, Wondipfavisa ndichiti
Zvako zvava zvizhinji
Rudo rwenyu rwakakwira, Nekudzama kupinda
Nyanza nedenga zvino-ka, Handichina nechangu
Zvese zvazova zvenyu, Handichina nechangu
Zvese zvazova zvenyu, Tenzi rudo rwakurira

## Mwoyo yedu ngaifare, Tinogununguneyi

Kana ivo Baba vedu, Vachingotichengeta?
CHORUS
Ngatifare, ngatifare, Tinovona kupenya
Nzira yebasa yakanakisa, Kana tichifara
Apo achitungamira, Kana izvo zvitema
Zvinozotikurirazve, Jesu anotibatsira
Kana tichirega basa, Tino rwadziwa mwoyo
Mumvuri unoswedera, Kuzodzinga rufaro
O! vatsvene vanogara, Vachifarisisazve
Nzira yavo inopenya, Idayi zvakanaka

## Kune musha wevatsvene, Vozorora munyika

Uko muponesi wangu, Akandigadzirira

CHORUS
Kune zororo ikoko, kunezororo ikoko
Kune zororo ikoko, ravakaneta
Pamhendero yeJordani, Nemumunda weEdeni
Panomuti weupenyu kunezororo
Andigadzirira imba, Inogara narini
Kwandichazogara hangu, Kunyika iyo itsva
Hakuzovi nekurwara, Hakunazve urombo
Asi ndicha pfekedzwazve, Chiremba cheupenyu
Hakuzovi norufu zve, Rumborera ruchabva,
Vaponeswa vachafara kuna Jesu ouya.
Imbayi vadyi venhaka, Farai muchienda
Muchazozarurirwazve, Mazambara eZioni